Пщэдей Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэщ!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№50 (23.864) ● 2019 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 30, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Мэшбащlэ Исхьэкъ «Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмкlэ и Лlыхъужь» цlэ лъапlэр къыфlащащ

Мэлыжьыхьым и 29-м Кремлым щекlуэкlащ «Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмкlэ и Лlыхъужь» цlэ лъапlэр зыхуагъэфэщащэр щагъэлъэпlа зэхьэхьэр.

ЗИ ГУГЪУ тщIы цlэ лъапlэр 2019 гъэм зратахэм яхэхуащ ди лъэпкъэгъу цlэрыIуэ усакIуэ, тхакIуэ, цIыхубэ лэжьакIуэ Мэшбащlэ Исхьэкъ.

«Урысейм Лэжьыгъэмкlэ и Лlыхъужь» цlэ лъапlэр УФ-м нэхъ лъагэ дыдэу щыIэкIуэ къэрал дамыгъэщ. Абы теухуа дэфтэрым зэрыжиIэмкlэ, а сауГъэтыр ягъэувауэ щытащ: «пщIэнтIэпс къаблэм, псэемыблэжу ягъэзащlэ лэжьыгъэм и пщIэр яIэтын папщlэ». Цlэ лъапlэр хуаГъэфащэ «къэралымрэ лъэпкъымрэ я пащхьэ ехьулIэныгъэ къызэрымыкIуэ къыщызыгъэзыгъуахэм, урысей цIыхубэм я Гъащlэр езыГъэфlакIуэ Iуэхуклэ жыжьэ кIуэтэфахэм».

Цlэ лъапlэр зыфlаща цIыхуитхур утыку къришэн и пэкlэ, къэрал унафэщым дэтхэнэ зыми дыгъуасэ псалъэ гуапэкlэ зыхуигъэзащ. Мэшбащlэ Исхьэкъ и гугъу щищIым, **Путин Владимир** къыхигъэщащ абы и Iэдакъэщlэкlэхэм нэхърэ мы-нэхъ мащIэу, и зэдзэкIыгъэхэми мыхьэнэшхуэ зэраIэм: «Кавказ Ищхъэрэ псор зыгъэлъапlэ абы и усэ тельыджэхэр урысибзэкIи нэгъуэщIыбзэхэмкIи Iуащ. Махуэ къэс уэримыхьэлlэ бзэхэм язу щыт адыгэбзэмкlэ урыс литературэм и хьугъуэфIыгъуэхэр зэрызэридзэкlам папщlэ усакIуэм пщIэ лей къелэжь. Ар совет зэманым фIыуэ зыщызыужьа, иджы, ди жагъуэ зэрихъуци, Iэпэдэгъэлэл тщIа лэжьыгъащ, дызыхуэныкъуэ куэд тIощIигъэхуу, икlэщыпlэкlэ зэтегъэуВэжькIи хуейуэ. Лъэпкъ зэмылlэужьыгъуэхэм я щэнхабзэхэмкlэ зэхъуэжэну Iэмал къезыт, урыс литературэми зезыгъужь а лъэныкъуэмкlэ уиIэ ехъулIэныгъэхэр дэркlэ хуабжьу лъапlэщ».

Мэшбащlэ Исхьэкъ къэрал унафэщlми зэхьэсым къэблагъахэми псалъэ гуапэкlэ защыхуигъаззэм, и псалъэм къыхигъэщащ а сауГъэтыр езым и закъуэ хуагъэфэщауэ къызэримыльытэр. «Си дежкlэ мыхьэнэшхуэ зиIэ цlэ лъапlэр урыс литературэ щэджащэм, сэ сыкъызыхэтэджыкIа, Урысейм ис лъэпкъ псоми я литературэм, шэч хэмылъуи, адыгэ-шэрджэс литературэмрэ си хэку Адыгэ Республикэмрэ къыхуагъэфэщауэ къызолъытэ», - жиIащ тхьэмадэм.

Нэхъыжьым гуфIэгъуэр даIыгъыну зэхыхьэм еблэгъахэщ Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ **Къумпыл Мурат**, КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнкэр пIалъэкIэ зыгъэзащlэ **КIуэкIуэ Казбек**, КъШР-м и Iэтащхьэ **Темрезов Рашид**, ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, сенатор **Хъупсирокъуэ Мурат**, Къэрал Думэм и депутат **Хьэсанэ Мурат**, **н**.

Мэшбащlэ Исхьэкъ и гъусэу цlэ лъапlэр зыфlащащэм ящышщ Приморский крайм хьыкъэ «Южморрыбфлот» Iуэхущlапlэм и унафэщI Антонов Сергей; «Урысей гъущI гъуэгухэр» зэгухьэныгъэм и Новосибирск къудамэм хьыкъэ Инскэ гъущI гъуэгу станцым и лэжьакIуэ Бочкарёвэ Ольгэ; Новгород Ищхъэрэ областым хьыкъэ «Завод Красное Сормово» зи фlэщыгъэ Iуэхущlапlэм и унафэщI Жарков Николай; КъБР-м мызэ-мытIэу щыхьэщlа, Вахтангов Евгений и цIэр зэрихьэу Мэзкуу дэт къэрал драмтеатрым щылажьэ артист цIэрыIуэ Лановой Василий.

Мэшбащlэ Исхьэкъ къыфlаща цlэ лъапlэр зэхуэмахуэну дохъуэхъу, Тхьэмадэ гуащlафIэр адэкIи узынщэу. Тхьэм ди япэ иригъэт.

ЧЭРИМ Мариннэ.

КIуэкIуэ Казбек Iущlащ Къухьэпlэ-Каспий псыгуэным хыхьэ псыхэм кIэлъыплъынымкIэ управленэм и унафэщI Курбанчиев Гусейн

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащlэ КIуэкIуэ Казбек Правительствэм и Унэм щыIущIащ Къухьэпlэ-Каспий псыгуэным хыхьэ псыхэм кIэлъыплъынымкIэ управленэм и унафэщI Курбанчиев Гусейн.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэльыхьащ республикэм и псы хозяйствэ Iэнатlэр зыхэт гугъуехьхэм. Абыхэм ящыщщ псы кIыугъуэм тэмэму зыхуэгъэхьэзырыным пыщlа Iуэхуэхэр. Псыдзэ, ятIэпс нэхъ зыщlэуэ щыналъэхэм щопсэу цIыху мини 150-м щIигъу, къуажэхэр зыIус псы Iуфэхэм къызэщlаубыдэ километр 730-рэ хуэдиз.

Нобэм ирихьэлIэу шынагъуэ нэхъыбэ къэзытхэм ящыщщ Бахъсэн, Тэрч, Балъкъ, Налшык, Шэрэдж псыхэм щыщ Iыхьэхэр. Абы къыхэкIыу КъБР-м ЦIыуэпс хъугъэзфIыгъэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм мы гъэм республикэм и псыхэм зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр щригъэкIуэкIыну и мурадщ, кьапщтэмэ, Бахъсэн псыхъуэм и Iыхьэу абыРэ Герхожан-Суу псымрэ щызэхэхуэным деж хуэзэр яГъэкъэбзэнчущ, апхуэдэуи Налшык псым и жанIэу Нартан хуажэ жылагъуэм хибудыдэр яГъэтэмэмынущ.

2019 - 2020 гъэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зыхуэят хуэзэу зэрагъэпэщыжынущ Белая Речкэ, Аушыджэр, Старэ Шэрэдж, Псыгуэнсу, Прималкинскэ къуажэхэм хуэзэ псы Iуфэхэр зыгъэбыдэ ухуэнынущ.

Апхуэдэуи Къухьэпlэ-Каспий псыгуэн округым и Бассейн советым и зэIущIэу мэлыжьыхьым и 21-м Налшык щекIуэкIам щыдаIыгъащ Налшык псым и Iуфэр гъэбыдэным хуэщlа, километри 10 си кIыхьагъ ухуэныгъэхэр зыхуэят хуэзэу зэгъэпэщlыжыным теухуа унафэр. Абы хуэунэтIа проект-сметэ тхылъэм щыубзыхуахэр республикэ бюджетым къыхэкI мылъыкIэ зэфIагъэкIынущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор къулыкъум ягъэувыну къагъэлъэгъуа Хабаров Николай Алексей и къуэм и кандидатурэм хэплъэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор къулыкъум игъэувын папщlэ Хабаров Николай Алексей и къуэм и кандидатурэу къыхилъхьам хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 127-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор къулыкъум ягъэувынум и кандидатурэм зэрыхэплъэ щыкlэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1-нэ, 6-нэ статьяхэм тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор къулыкъум **Хабаров Николай Алексей и къуэр** ягъэувыным арэзы техъуэн.

2. Мы Унафэр Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэ Чайкэ Ю. Я., Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащlэ КIуэкIуэ К. В. сымэ яхуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ,
2019 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1065-П-П

● Зэ1ущlэхэр

Ди республикэм зэрызиужьынум теухуауэ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм иджыблагъэ щызэхэтащ КъБР-м и премьер-министр Мусуков Алий иригъэкIуэкIа зэIущIэ. Абы къыщащтащ 2040 гъэ щIондэ республикэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ зэрызиужьынум теухуа зэфIэгъэкIыпхьэхэр.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис** къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ 2020 гъэм Урысейм и цIыху бжыгъэр къыхэтхыкIыным хуэунэтIауэ лэжьыгъэм хэтыну комиссэр зэраубзыху, а Iуэхум зэрыбгъэдыхьэну щыкlэхэм. Абы къыхигъэщащ Iуэхум къыхэшапхъэ псоми зэгурыIуэныгъэ зэрыращlылар.

Апхуэдэу КъБР-м промышленностымрэ сатумкIэ и министр **Iэхъуэзбч Щамил** утыку кърихьащ «Урысейм Технологие зыужьыныгъэмкIэ и фонд» федеральнэ къэрал автоном Iуэхущlапlэм иращIылIэну зэгурыIуэныгъэм и проектыр.

Зэхуэсым къыщалэтащ ди щыналъэм и гъуэгуэм зэрелэжьыну щыкlэхэм теухуа Iуэхуэхэр. Абы зэпкърахуэ къехутеуВэIащ КъБР-м Гъуэгу хозяйствэмкIэ и управленэм и унафэщI **Куныжь Вячеслав**. ЗэIущIэм къырихьэлIахэр Iуэныжьым щигъэгъуэзащ ди республикэм и гъуэгуэхэр зыхуей хуэгъэззэжьын папщlэ къэрал бюджетым бюджетым къыхэкIыу къыхуэгуэтIыпщ сом мелуани 3,6-рэ хуэ субсидиер къызэрагъэсэбэпыну щыкlэм теухуа проектым. Ябэщlыкlэ зэлэжьынухэр Аушыджэр, Хьэтlохъущыкъуей,Ботэщей, Гъндэлэн къажэхэм я гъуэгуэхэрщ.

Урысей Фередацэм Спортымкlэ и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэращlыIэну зэгурыIуэныгъэм и проектым тепсэльыхьащ КъБР-м спортымкIэ и министр **Хьэсанэ Исльам**. Ди республикэр спортым ехьэлIа Iэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэщын папщlэ къэрал бюджетым къыхэкIыу къыхуэгуэтIыпщынущ сом мелуан 10,9-рэ хъу субсидие. Мылъкур къызэрагъэсэбэпыну щыкlэхэм къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ министрым.

ЗэIущlэм апхуэдэу къыщащтащ ди республикэм ис цIыхухэм я узыншагъэр хъумэным, я гъащIэр нэхъ кIыхь хъуным хуэгъэпса проектир. Ар къыхилъхьащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащlэ **КхъуэIуфэ Аслъэн**.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащlэ КIуэкIуэ Казбек Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэм теухуа и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэмкIэ си гуапэу сынывохъуэхъу!

А махуэшхуэр и дамыгъэщ зи ныбжькIи зэтемыхуэ, зи Iэщlагъэкlи зэмыщхь цIыхухэр зэрызэрыIыгъым, бэм я зэкъуэтныгъэм, абы зэрешлаIэ зыпэрыт Iэнатlэр фIыуэ зылъагъуэхэр, республикэ зыужьыныгъэм, ди къэралым и льэщагъыр гъэбыдэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщlхэр.

ФIым телъэжьныр зэрыщыту жылагъуэми, дэтхэнэ унагъуэми, цIыхуми я зэIузэпэщlыгъэм и лъабжьэщ. Дэ Iэмал псори къэдгъэсэбэпурэ лэжьакIуэ цIыхум и пщIэр адэкIи тIэтынщ, ар зыхуей хуэзэн папщlэ лэжьыпхьэхэр зэфIэдгъэкIынущ, республикэм и псоми я псэукlэр едгъэфIэкIуэнущ.

Щэч къытесхьэркъым, дыззэдегупурэ ди цIыхубэм я къарурэ творческэ зэфIэкIхэмрэ тегъэщlапlэ тщIымэ, дыкъыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъри зиужьыным хуэунэтIауэ зыхуэдгъэзыжьа къалэнхэр гъэзэщlэныр зэрытхуэзфIэкIынум.

Си гум къыбгъдэкIыу сынывохъуэхъу узыншагъэ, екъулIэныгъэ, насып фIи!эну, зэIуэзэпэщу фыпсэуну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр етыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къахьа ехъулIэныгъэхэмрэ илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щыхь тхылъыр етын

Мырзэ Хьэсэнбий Кърымлъостэ и къуэм - мэкъумэщыщlэ (фермер) Iуэхущlапlэм и унафэщым;

цIэ лъапIэхэр яфIэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхь зиIэ и артист»

Анахаев Мурат Ахъмэт и къуэм - «Балкария» къэрал Iуэрыуатэ-этнографие къэфакIуэ ансамбль» къэрал кIэзонэ щэнхабзэ Iуэхущlапlэм и балетым и артистым

Бейтыгъуэн Аслъэн Исмэхьил и къуэм - «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамбль» къэрал кIэзонэ щэнхабзэ Iуэхущlапlэм и балетым и артист пажэм

Щэбэтыкъуэ Юлианэ Вячеслав и пхъум - «Къэрал музыкэ театр» къэрал кIэзонэ щэнхабзэ Iуэхущlапlэм и балетым и къэфакIуэ пажэм

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхь зиIэ и дохутыр»

Къардэн Маргаритэ Малил и пхъум - Налшык къалэ округым и «Къалэ поликлиникэ №3» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет Iуэхущlапlэм егъэщlылIауэ Кэнжэ къуажэм дэт амбулаторэм и участковэ дохутыр-терапевтым

Парфёновэ Василий Павел и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Лыых зэыуфэр зыпкърытхэм щеIэзэ диспансер» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет Iуэхущlапlэм и поликлиникэ къудамэм и дохутыр-онкологым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Тетуев Борис Инэрел и къуэм - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэм урыс, хамэ къэрал литературэхэмкIэ и кафедрэм и профессорым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Белгуэш Эдуард Пётрэ и къуэм - «Налмэс Iэмэпсымэхэр къыщыщlагъэкI Тэрч заводэ» акционер обществэм и энергомеханикэ Iэнатlэм и унафэщым.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхь зиIэ и ухуакIуэ»

Щоджэн Олег Мухьэмэд и къуэм - зи жэуапльныгъэр зэхэзэщъхьэхукIа «Строй Эксперт» зэгухьэныгъэм и къэпщытакIуэ лабораторэм и унафэщым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащlэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ,
2019 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№35-УГ

● Обозревателым и псалъэ

Гъэ къэси, сыт щыгъуи

Щхьэусыгъуэ зимыIэ щыIэхъым. Апхуэдэ дыдэщ мы зэманым Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я гуфIэгъуэу дгъэлъапlэ Накъыгъэм и 1-р. Зэуэ жытIэнщи, абы и лъабжьэхэр куущ. Накъыгъэ гуфIэгъуэхэр ягъэлъапlэу щытащ Пасэрей Римым и зэманми. Тхьэгущlэ Майя и щIыхькIэ ирахьжьэ а Iуэхур хэIэтыкIауэ къекIуэкIащ. Накъыгъэм и япэ махуэм гъатхэм и гуфIэгъуэу, щIыуэпсым и къэщIэрэщIэжьыгъуэу Урысейм щагъэуващ Пётр Езанэм и тетыгъуэми.

ЕПЩЫКIУИЯНЭ лIэщIыгъуэм и кIэухым зиужьащ Европэм и къэралхэм я промышленностым. Фабрикэхэм зыщlаубгъащ Америкэ Ищхъэрэми. Ахэр зыгъэлэжьэн хуейт. Абы къыхэкIыу цIыхухэр къуажэхэм Iэпхъуэгъ. Фабрикэхэм я хуреягъкIэ къыщыцынэхурт жылэщlэхэр. Гъащlэм зихъуэжьырт, арщхьэкIэ, куэдрэ зэрыхъуу, псэукIэр зэIыхьрт. ЛэжьакIуэхэр факъырэт, лэжьэгъуэ махуэр кIыхь дыдэт. Фабрикэхэмрэ заводхэмрэ зейхэм абыхэм иратыр мащIэ дыдэт.

Аузэ профсоюзхэри къэунэхуащ, апхуэдэ дыдэу гуащIэрыпсэухэмрэ мыльхъушхуэ зиIэхэмрэ я зэпэщlэтыныгъэр нэхъ куу хъуащ. США-м и Чикаго къалэмрэ Канадэмрэ лэжьакIуэхэм зыкъыщlаIэтащ. Арщхьэкlэ тетыгъуэр зейхэм цIыхухэм ялъ ягъэжащ. ЕтIуанэI Интернационалым 1889 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м (Франджы революцэр илъэсищ щрикъу махуэм) Париж щригъэжIуэкIа япэ конгрессым и унафэкlэ Накъыгъэм и 1-р Гуащlэрыпсэухэм я махуэу ягъэуващ. Урысей империем япэ дыдэу а махуэр 1891 гъэм Санкт-Петербург щэхуу щагъэлъапlэащ щытащ.

1917 гъэм екIуэкIа Февраль революцэм и ужькIэщ Урысейм а гуфIэгъуэр нахуэу щаIэт щыхьуар. Абы и ужькIэ щыIа Октябрь революцэм Накъыгъэм и 1-р къэралым и нэхъ гуфIэгъуэ ин дыдэхэм хуигъэкIуащ. Иджы абы зэрэджэр Гуащlэрыпсэухэм дунейпсо зэхуаку зэгурыIуэныгъэм и махуэт. СССР-р къутэжьыкIэ а гуфIэгъуэм и щIыхькlэ пэкIуэхэр, уеблэмэ, дзэ парадхэр зэхагъэхьащ.

Накъыгъэм и 1-м зыхуаГъэхьэзырырт жьыми щIэми. ЦIыхухэр зыр адрейм ехъуэхъурт махуэшхуэм фIыгъуэ хахудэкIуэну. Дэнэ щIыпIи ныпхэр къыщыфIадзэрт. Къалэхэм я уэрамхэм гуащlэрыпсэу минхэр ирикIуэрт, гъащlэфI кеъыта властхэм яхуэхъуахъуэу. Псори нэжэгужэт.

Иджы, зэрытщlэщи, Накъыгъэм и 1-р Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэу къэнэжащ, езы гуфIэгъуэри, адрейхэми яхуэдэу политикэ Iуэхуу щытыжькъым. Арщхьэкlэ хабзэр хабзэщ. Накъыгъэм и 1-р цIыхухэм я зыгъэпсэкуГъуэ махуэщ, ар агъэпlапlэ гъэ къэси икIи сыт щыгъуи. Апхуэдэуи лIэщlыгъуэхэм япхрыкIынущ.

ШАЛ Мухьэмэд.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мэлыжьыхьым и 30, гъубж

♦Джазым и дунейпсо махуэщ

♦Ветеринархэм я дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и МафIэсгъэункlыфlхэм я махуэщ

♦Мексикэм щагъэлъапlэ Сабийм и махуэр

♦Вьетнамым и къэрал гуфIэгъуэщ - я текIуэныгъэм и махуэщ

♦Швецием щагъэлъапlэ я пащтыхьым и махуэр

♦1789 гъэм США-м и япэ президенту хаха Вашингтон Джордж а кулыкъым зэрытеувэм теухуа зэIущlэ екIуэкlащ.

♦1918 гъэм «Ленфильм» киностудиер къызэрагъэпэщащ

♦1945 гъэм Егоров Михаилрэ Кантарие Мелитонрэ ТекIуэныгъэм и Бэракъыр Берлин и Рейхстагым щыфlадзащ.

♦1945 гъэм Гитлер (и унэцlэ дыдэр Шиклгрубершщ) Адольф зиукIыжащ.

♦1971 гъэм Москва и Ленинскэ бгыхэм циркыщlэ къыщыщIэуахащ.

♦Мэжэр композитор цIэрыIуэ **Легар Франц** къызэрагъэхуэ илъэси 149-рэ ирокIу.

♦Зи Iэдакъэщlэкlэхэмкlэ дуней псом щыцlэрыIуэ чех тхакIуэ **Гашек Ярослав** къызэрагъэхуэ илъэси 136-рэ ирокIу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дзу Руслан** и ныбжьыр илъэс 70 ирокIу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щоджэнцыкlу Нинэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Уэрэджыакlуэ, композитор, продюсер, УФ-м и цIыхубэ артист **Киркоров Филипп** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кlэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 11 - 12 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 1, бэрэжьей

♦Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэщ

♦Къэзахъстаным щыпсэу пъэпкъэм я зэкъуэтныгъэм и махуэщ

♦Литвам Анэм и махуэр щагъэлъапlэ

♦США-м зэхудэчыхыныгъэм, сабийхэм я узыншагъэр хъумэным, хуитныгъэм я махуэхэр щагъэлъапlэ

♦1840 гъэм Инджылызым къыщыдэкIащ дунейм щыяпэ пощт маркэхэр.

♦1918 гъэм Ходынскэ губгъуэм щекIуэкIащ Совет Армэм и япэ дзэ парадыр.

♦1929 гъэм Джылахъстэнейм псыщlэгъэльадэр щаутIыпщащ.

♦1941 гъэм Налшык Сабий стадионыр къыщызэIуахащ.

♦1944 гъэм «Москва зэрахъумам папщlэ» медалыр къащтащ.

♦Къэрал лъжьакIуэу, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщу 1969 - 1984 гъэхэм щыта **Къущхьэ КIыщыкIуэ** къызэралъхуа илъэс 96-рэ ирокIу.

♦КъБР-м щэнхабзэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Урыс Мухьэзир** къызэралъхуурэ илъэс 84-рэ ирокIу.

♦Социологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, Адыгэ Республикэм щIэныгъэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Афэщlыж Тырку-бий** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокIу.

♦Адыгэ Республикэм и цIыхубз художник, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Гъэзугнокъуэ Мухьэрбий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокIу.

♦Хьэрычэтыщlэ, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, Адыгэ Республикэм и Президенту щыта **Щэумэн Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 80 ирокIу.

♦ «Къэббалъкъутурист» ОАО-м и генеральнэ директор, КъБР-м щэнхабзэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къалэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокIу.

♦Къэрал къулыкъущlэ, политик, жылагъуэ лэжьакIуэ **Нэхущ Заурбий** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кlэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущlыгъэ:

Адэжь и лъагъуэрэ адэжь и благъэрэ умыбгынэ.

КIуэкIуэ Казбек Iущlащ Къухьэпlэ-Каспий псыгуэным хыхьэ псыхэм кIэлъыплъынымкIэ управленэм и унафэщI Курбанчиев Гусейн

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащlэ КIуэкIуэ Казбек Правительствэм и Унэм щыIущIащ Къухьэпlэ-Каспий псыгуэным хыхьэ псыхэм кIэлъыплъынымкIэ управленэм и унафэщI Курбанчиев Гусейн.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэльыхьащ республикэм и псы хозяйствэ Iэнатlэр зыхэт гугъуехьхэм. Абыхэм ящыщщ псы кIыугъуэм тэмэму зыхуэгъэхьэзырыным пыщlа Iуэхуэхэр. Псыдзэ, ятIэпс нэхъ зыщlэуэ щыналъэхэм щопсэу цIыху мини 150-м щIигъу, къуажэхэр зыIус псы Iуфэхэм къызэщlаубыдэ километр 730-рэ хуэдиз.

Нобэм ирихьэлIэу шынагъуэ нэхъыбэ къэзытхэм ящыщщ Бахъсэн, Тэрч, Балъкъ, Налшык, Шэрэдж псыхэм щыщ Iыхьэхэр. Абы къыхэкIыу КъБР-м ЦIыуэпс хъугъэзфIыгъэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм мы гъэм республикэм и псыхэм зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр щригъэкIуэкIыну и мурадщ, кьапщтэмэ, Бахъсэн псыхъуэм и Iыхьэу абыРэ Герхожан-Суу псымрэ щызэхэхуэным деж хуэзэр яГъэкъэбзэнчущ, апхуэдэуи Налшык псым и жанIэу Нартан хуажэ жылагъуэм хибудыдэр яГъэтэмэмынущ.

2019 - 2020 гъэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зыхуэят хуэзэу зэрагъэпэщlыжынущ Белая Речкэ, Аушыджэр, Старэ Шэрэдж, Псыгуэнсу, Прималкинскэ къуажэхэм хуэзэ псы Iуфэхэр зыгъэбыдэ ухуэнынущ.

Апхуэдэуи Къухьэпlэ-Каспий псыгуэн округым и Бассейн советым и зэIущlэу мэлыжьыхьым и 21-м Налшык щекIуэкIам щыдаIыгъащ Налшык псым и Iуфэр гъэбыдэным хуэщlа, километри 10 си кIыхьагъ ухуэныгъэхэр зыхуэят хуэзэу зэгъэпэщlыжыным теухуа унафэр. Абы хуэунэтIа проект-сметэ тхылъэм щыубзыхуахэр республикэ бюджетым къыхэкI мылъыкIэ зэфIагъэкIынущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ,
2019 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1065-П-П

Урысейм и Лыхъужь Мэшбащlэ Исхьэкъ

Шолохов Михаил щыпсэуа унэм деж щытхъщ тхакlуэхэу Мэшбащlэ Исхьэкъ, Пулатов Тимур, Ларионов Арсений, Бондарев Юрий сымэ. *1997 гъэ, накъыгъэм и 28*

МЭШБАЩlЭ Исхьэкъ и къалэмыпэм къыщlэкlащ тхыгъэ купщlафlэ куэд - усыгъэ тельыджэхэр, роман гъэзэджэхэр, ахэр Адыгейм и литературэм и лъагапlэ хъущ, ди лъэпкъым и цlэмрэ и пщlэмрэ жыжьэ щагъэлуащ. Исхьэкъ и усыгъэхэр гъэнщlащ гъашlэм и пэжыпlэкlэ, уи акъылыр зыгъэлажьэ, гукъдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къоэзыт гупсысэ жанхэмкlэ. Тхакlуэм и романхэм лъабжьэ яхуэхъуар адыгэ тхыдэрщ - пасэрей адыгэ дзэпщ Ридадэ деж къыщыщlэдзауэ XIX лlэщlыгъуэм къэс.

Мэшбащlэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэр Краснодар крайм хыхь Щхьэщэхуж къуажэм 1930 гъэм накъыгъэ маззэм и 28-м къыщалъхуащ. 1951 гъэм Адыгей педучилищэр, 1956 гъэм Москва дэт Литературэ институтыр къиухащ, КПСС-м и ЦК-м деж щыlэ Парт школ нэхъыщхьэм щеджащ, «Социалистическэ Адыгей» газетым щылэжьащ. 1962 гъэ лъандэрэ Мэшбащlэ Исхьэкъ Адыгейм и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэщ, ди къуэш республикэм къыщыдэкlи литературэ журналхэм я редактор. нэхъыщхьэщ; депутатхэм я Адыгей, Краснодар советхэм, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм хэтащ. Урысейм и Жылагъуэ палатэм ноби щолажьэ.

Мэшбащlэ Исхьэкъ и тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ дунейм къытехьащ тхылъыщэм щlигъу, абыхэм ящыщ куэд нэгъуэщl лъэпкъхэм я бзэхэмкlэ зэрадзэкlащ. Цlэрыlуэ дыдэ хъуащ Исхьэкъ и романхэр - «Щэрэ езанэ щхьэдэхыпlэ», «Ягъеяхэм пэплъэжыркъым», «Щхьэл мывэ», «Гъэриті», «Ридадэ», «Адыгэхэр», «Хьан-Джэрий», «КъуэкlыпlэмрэКъухьэпlэмрэ», «Тlасхъэщlэх», «Ажал гъуэгу», нэгъуэщlхэри.

Тхакlуэ цlэрыlуэм кърратащ СССР-м, РСФСР-м, Адыгейм я Къэрал саугъэтхэр, Шолохов Михаил и цlэкlэ щыlэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм я саугъэтхэр.

Мэшбащlэ Исхьэкъ Адыгеймиз, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми я цlыхубэ тхакlуэщ, «Хэкум и пащхьэм щиlэ фlыщlэм папщlэ» орденым и II, III, IV нагъыщхэр кърратащ, иджы Урысейм и Плыхъужьщ. Исхьэкъ УФ-м и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и Iэтащхьэхэм ящыщщ, ЩIДАА-м, Абхазэым ЩIэныгъэхэмкlэ и академием хэтщ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

ТхакIуэ телъыджэ

КъБР-м и тхакlуэхэр Мейкъуапэ щохьэщlэ. Сурэтым щыволъагъу Щомахуэ Амырхан, Кулиев Къайсын, Мэшбащlэ Исхьэкъ сымэ. *1976 гъэ*

Налшык щызэлуащ абаз эсакlуэ Чыкуэтlу Микаэл, Мэшбащlэ Исхьэкъ, тхакlуэ, драматург, усакlуэ, щlэныгъэлl Iутlыж Борис сымэ. *2005 гъэ, гъатхэпэм и 5*

Апхуэдэ диlэкъым

ИЛЪЭС куэд щlащ сэ Мэшбащlэ Исхьэкъ ныбжьэгъу сызэрыхуэхъурэ. Зекlуэ и вакъэ лажьэркъым жыхуаIэу, си напщlэм телъ а ныбжьэгъугъэр къыздисхауэ щытар КъуэкlыпlэГъунэгъум щызэпысча гъуэгуанэхэрат: 1969 гъэм туристхэм срагъуэзу Сириемрэ Ливанымрэ сыкlуат. Абы щыгъуэ сэ илъэс тlощlрэ щырэ сыхъуу арат, а зекlуэм и фlыгъэкlэ къэзгъуэта си ныбжьэгъур сэ нэхърэ илъэс 16-кlэ нэхъыжьат. Ауэ, нэхъыжьыфlти, сигъэныбжьэгъуу, сигъэгушхуэу сызригъэгъуэащ. Апхуэдэу щlахъуар зыкъомкlэ елъытагъэнт ди Іуэху еплъыкlэхэр зэрызэтехуэм, хэхэс гъащlэр натlэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъуэхэм ехьэлIаУэ къыдэфыкI узэкъмкlи дызэрызэущхьым.

Дэнэ щlыпlэ дыкъыщыхутами, дэ къэтлъхьхъуэр 1763 - 1864 гъэхэм екIуэкlа Урыс-Кавказ зауэжьым и зэранкlэ зи лъахэр къэзыбгынэу хэхэс псоукlэ бзаджэр зыгъэва ди лъэпкъэгъуэхэм я щlэблэхэрат. ИкIи къэдгъуэтырт апхуэдэхэр. Ауэ...

Адэжьхэм я хэкум ирамыгъэзэгъа ди лъэпкъэгъу насыпыншэхэм а хамэ щыпlэхэми псэупlэ щратыртэкъым: 1967 гъэм израильдзэхэр къызытеуа щыпlэхэр адыгэхэм нэхъыбэу хэщlапlэ ящlа щыпlэхэрати, мо тхьэмыщkIэ къомым, я щхьэр щlахьэри, адэ-мыдэкlэ егъэзыпlэ щащlат. Мис ахэр къэгъуэтыгъуэфlэтэкъым. Ауэ абыхэм захуэдмыгъазэу ди гум тхутегъэхуэнутэкъым, дымыщхьэхыу къэтlыхъуэрт ахэр. Псом хуэмыдэу темыпыlэжыр, емызэшэжыр усакlуэ Мэшбащlэ Исхьэкът. Адыгэжьм я щхьэм кърикIуа насыпыншагъым теухуауэ сэри ди гъусэхэми дымыщlэ куэдым щыгъуаазэт ар. А хъыбар гуаузэхэм дыщlигъэдэIуу сыхьэт бжыгъэкlэ дыщигъэст. Дызыхуэза ди лъэпкъэгъуэхэм къыджалэхэр и дэфтэрым иритхэрт, ахэр зи тегъэщlапlэрэ гущlэм зыкъыдэзыгъаз уэсщlэхэм дригъэдаIуэрт нэхъ и ужькlэ.

Сириемрэ Ливанымрэ дыкъикIыжа нэужь, Мэшбащlэр куэдрэ ялъыгъуэзащ унафэщlышхуэхэм. Зыхуейр лIот? Хамэщlым щыпсэу адыгэхэм я дунейр зэрыкlыфlыр яжриIэу, абыхэм зыгуэркlэ защlэгъэкъуэн зэрыхуеймкlэ лъаIуэу арат. Ауэ «уи мыIуэху зумыхуэ», къыжраIэ мыхъумэ, къапих щы-Iэтэкъым. «Зи мыIуэху зезыхуэ» тхакIуэм хуэзфlэкlрати, тIысырти, усэбзэкlэ и щхьэм хуэтхъэусыхэжырт, адыгэхэм я тхыдэр лъабжьэ зыхуищl усэ уахътыншэхэр итхырт. Абдежэхращ дунейм къыщытехьар нобэ ди лъэпкъэгъуэу хъуам яIурыль «Адыгэхэр» уэрэд цlэрыlуэр къызытращыкIа усэр.

Илъэс щэ ныкъуэ хъущ си ныбжьэгъу нэхъыжьымрэ сэрэ дызэрызэрыцIыхури, абы адыгагъэу, цIыхугъэу дэслъагъур сэркlэ щапхъэфlащ, ауэ Исхьэкъ ещхь хъугъуафlэкъым, псом япэраущ, и талантышхуэмкlэ, итIанэ - и дуней тетыкlэ дахэмкlэ. Абыхэм щlэхъуэпсын, Исхьэкъ удэплъейуэ псэун хуейуэ аращи...

2006 гъэм Истамбыл щекlуэкIырт Дунейпсо Адыгэ Хасэм и VII Зэхуэсышхуэр. Дауи, Мэшбащlэ Исхьэкъи абы кърихьэлIат. Гухэхъуэт а Лъэпкъ Хасэшхуэм литературэмкlэ игъэува саугъэт лъапlэр си ныбжьэгъу нэхъыжь Мэшбащlэм и роман тельыджэхэм папщlэ къызэрыратар пlунагъныр. Апхуэдэ гуфlэгъуэ куэд си нэгу щIигъэкlащ Адыгэ Республикэми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми я цIыхубэ тхакIуэ, РСФСР-ми СССР-ми я Къэрал саугъэтхэр зыхуагъэфащащ си ныбжьэгъуфlэр, дызэригъэгушхуэр - Хэку литературэм хуищlа хэлъхьэныгъэ инхэм папщlэ, Мэшбащlэм кърагащ къэрал дамыгъэ лъапlэ куэд, Адыгэ Республикэми Краснодар крайми абы къыхуагъэфэщащ цIыхухъуэхэр зэрагъэпажэу яIэ дамыгъэ нэхъ лъапlэ дыдэхэр.

Жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтыр, ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я зэныжьбзэгъуэгъэр, мамырыгъэр гъэбыдэным псэемыблэжу зэрыбгъэдэтыр къалъытэри, Мэшбащlэ Исхьэкъ къыхуагъэфэщащ «Мамырыгъэм щlебэн» дыщэ медалыр, Урысей лъэпкъ фондым и «Жылагъуэм зэрригъэлъапlэ» дыщэ щlыхь нагъыщэр.

Дауи, мис а псори къалъытащ абы Мейкъуапэ къалэм щlыхь зиIэ и гражданин цlэр къыщыфlащми, Урысейм и Плыхъужь цlэр къыщратрами.

Нобель саугъэтыр къуатыну, къыпфlащыну пхуэфащэщи, ари къыплъагъэсауэ Тхьэм дигъэльагъу, си ныбжьэгъу нэхъыжьыфI Исхьэкъ!

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,
УФ-м щэнхабзэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакlуэ, КъБР-м, Адыгэ Республикэм, КъШР-м щIыхь зиIэ я журналист.

• ТхакIуэхэм я псалъэ

Сэри абы щыхьэт сытохъуэ

УСАКIУЭ псалъэр гупсысэ куу зыхэлъ Псалъэшхуэщ. Ар щlэбгъэщlэрэщlэни щыIэкъым. Ар уэри фlыуэ уощlэ, Исхьэкъ. Дауи, уэ езыми къыбгуроIуэж уэзрыусакIуэр. Сэри абы щыхьэт сытохъуэ. Ауэ, сэ сыщынэхъыжькlэ, а Псалъэм щIэзогъу: уэ нэусакIуэшхуэщ, гу гуБзыгъэ зи бгъэм къыщеуэ усакIуэ телъыджэщ, Кавказым и усакIуэ нэхъ ин дыдэхэм уащыщщ.

КУЛИЕВ Къайсын. *1981 гъэ*

УсакIуэ нэс

ИСХЬЭКЪ и усыгъэ тхыльхэм укъыщеджэкlэ, уи нэгу къыщlохьэ абы и къуажэгъу Іущхэм я дунейр, я псэукlэ-щыIэкlэхэр, я хьэл-щэнхэр. Къыщпохьу абыхэм урахьэщlэу, урапсэльэгъуу. Усыгъэм и къалэн нэхъ лъапlэу; дауи гъэзэщlм щохъу Исхьэкъ и тхыгъэхэм - Іузхур адыгэ щыщытыр си ныбжьэгъу Мэшбащlэр усакIуэ нэсщи аращ.

РОЖДЕСТВЕНСКИЙ Роберт. *1981 гъэ*

Хуэфащэу пещэ

СИ НЫБЖЬЭГЪУ адыгэ тхакIуэшхуэ Мэшбащlэ Исхьэкъ си щlалэгъуэ дахэм насыпIфlэу къыхэтэджыкIахэм ящыщщ. Сэ ар соцIыху щысугъдентэ илъэсхэм Iыдандэрэ. Си щхьэгъусэ, сурэтыщl Кончаловская Наталье занщlэу гу лъитат а щlалэщlэр усакIуэшхуэ зэрыхъунум. Ар икIи щыуатэкъым. СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьэну абы тхылъ зэрестамкlэ сэри сыщыуатэкъым.

Мэшбащlэ Исхьэкъ ящыщщ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм нэхъ пщlэшхуэ дыдэ щызиIэхэм. Абы пщlэ хуэзымыщlрэ ар фlыуэ зымыпъагъурэ яхэтхъым лъэпкъыбэу зэдзлажьэ ди тхакIуэхэм. Мэшбащlэм хуэфащэу пещэ и ныбжьэгъу нэхъыжьыфIхэу щытахэу КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Гамзатов Расул, Кугультинов Давид сымэ я Іузхущlафэ дахэ псоми.

МИХАЛКОВ Сергей. *2001 гъэ*

Тхыдэм и пэжыр

МЭШБАЩlЭМ и усэхэр сыт щыгъуи узыгъэпIейтейщ. Ахэр си Іэдакъэщlэкlыр зи акъылыр тIыса, дуней и пIалъэ зыщlэ адыгэлI нэсщ. УсакIуэшхуэщ. Куэдым зэрыжаIэщи, Исхьэкъ и усыгъэхэм я тегъэщlапlэр и лъэпкъ тхыдэращ. А тхыдэм и пэжырщ абы и усэхэр псэ быдэ, удэзыхьэх зыщlыр, езы усакIуэм пщlэрэ щIыхьрэ къыхуэзыхьыр.

ДАНГУЛОВ Саввэ. *1971 гъэ*

Шэч къытесхьэркъым

ЗЫМИ ШЭЧ къытрихьэну къыщlэкlынкъым Мэшбащlэ Исхьэкъ зэчий ин зыбгъэдэлъ усакIуэшхуэу зэрыщытым. Дауи, аращ абы псалъэ гуапэ куэд щIыхужаIэри, дяпэкlи нэхъыбэж щIыхужаIэнуи. Ар адыгэ усыгъэм и зэфlэкlым зезыгъэузэщl, зыгъэбжьыфlэ усакIуэшхуэщ.

ИВАНОВ Всеволод. *1971 гъэ*

Тхьэм къыбгъэдилъхьэж

ТАЛАНТ ин зиIэ тхакIуэшхуэ, и лъэпкъым хуэпэж, и псэм пищу зи лъахэри Урысейри фlыуэ зыпIалъэу Мэшбащlэ Исхьэкъ и творчествэ лъащым щхьэкlэ гъунапкъэншэу фlыщlэ хузощl. И роман телъыджэхэмкlэ къыдит гуфlэгъуэр щэрэ минкlэ гъэбгъэуауэ езым Тхьэм къыбгъэдилъхьэж.

ПРОКУШЕВ Юрий. *2001 гъэ*

Зэбгъэдэпх хъунукъым

КАВКАЗ Ищхъэрэм и усыгъэм Гамзатов Расул иIэмэ, Мэшбащlэ Исхьэкъ зыхуэлажьэ абы и прозэри насыпншэкъым. Расулрэ Исхьэкърэ зэбгъэдэпх хъунукъым - тIуми талантышхуэ ябгъэдэпIащ, къызыхэкlа лъэпкъхэри, Урысейм и литературэри зыгъэбжьыфlэ цIыху цIэрыIуэхэщ.

ИСАЕВ Егор. *1981 гъэ*

Апхуэдэу щIыщытыр

СЭ КУЭДРЭ слъэгъуащ Мэшбащlэ Исхьэкъ дэнэ щIыпlи, - Якутиеми, Краснодари, Смоленски, Налшыки, Ростови - цIыхухэр гуапэу къызэрыщIущIэр. Апхуэдэу щIыщытыр гурыIуэгъуэщ: Исхьэкъ зи тхакIуэр адыгэхэм я закъэкъым - ар лъэпкъыбэ урысей литературэр япэкlэ зыгъэкIуатэ зыш пашэхэм ящыщщ.

СОРОКИН Валентин. *1991 гъэ*

Шу пашэ

МЭШБАЩlЭ Исхьэкъ и творчествэм теухуауэ ятхахэм зыкъомкlэ сыщыгъэзэщи, абыхэм нэхърэ нэхъыфlи нэхъыби жысIэну сыпымылъу, Іуэхур гукъэкIыжхэм нэхъ тызогъащlэ...

Горький Максим и цlэр зэрихьэу Мэзкуу дэт Литературэ институтым сыщыщlэтIысхьа 1955 гъэращ сэ Исхьэкъ япэ дыдэу сыщыхуэзэар. Абы и пэкlэ сцIыхуакъым ар. Псыгуэнсу къуажэм щыщ къэбэрдей усакIуэ Мысачэ Пётррэ Мэшбащlэмрэ 5-нэ курсым щIэст абы щыгъуэ. Дыгъуасэ Щlэлыкъуэ еджапIэр къэзыуха сэ щlалэжь цIыкIум къызэлъытауэ, мохэр я творчествэкlи я тепльэкlи лIыт. Ауэ, пцIы щхьэ упсын хуей, зыкъысхуагъэщlагъуэртэкъым, зыкъысхуагъэлIыртэкъым, си щтэщтэблагъэр, Іэпщlупщlу сызэрыкуэпар, си Іуэхур зэрымыщlагъуэр, стипендиеншэу (сыщыщlэтIысхьэм урысыбзэ тхэнымкlэ «щы» къэсхьат) сыкъызэрынар яльагъуэрт, сыт хуэдизкlи сигу фlы къысхуащlырт, сымыгужьейуэ лIыгъэ зыхэгъэлъын зэрыхуейм сыхуагъэIуущlрт. Аркъудейтэкъым - Исхьэкъ абы щыгъуэ бынунагъуэ хуэакIэт. Щlипсэур ди общежитым пэгъунэгъуб3эти, я деж дригъэблагъэрейт. Зи тхыгъэхэр адыгэбзэкlи урысыбзэкlи щlэхщlэхьурэ экIытрадзэ, зи япэ тхылъри 1953 гъэм Мейкъуапэ къыщыдэкlа Мэшбащlэ Исхьэкъ и унагъуэр хъарзынэу хуэщlауэ псэурти, зи ныбэ ныкъуэ, зи щlалэгъуэ-зи шхэгъуэ сэркlэ апхуэдэ бысым Тхьэм къуэригъэтырт. Абы и закъуэ? Исхьэкъ и усэхэмкlи, литературэм теухуауэ сызригъэдаIуэхэмкlи сигъэнщlырт. Сэри Щоджэнцlыкlу Алий, КIыщокъуэ Алим сымэ я усыгъэ зыкъом гукIэ сщlэ пэтми, а лъэныкъуэмкlи Исхьэкъ сылъэщlыхьэнутэкъым - абы Алий и поэмэу хъуари гукIэ къыбжиIэфынут. Сэ а лъэхъэнэхэм зыри зыхэзмыщlыкI КIэрашэ Тембот и творчествэм япэ дыдэ щыгъуаз сызыщlари Исхьэкъщ.

Апхуэдэ ди зэIущlэхэр щlэх-щlэхьурэ екIуэкIырт. ЗэрыжысIаци, ди общежитыр зэдащlы3 Переделкинэрат Мэшбащlэми щыпсэур. Пекщэ нэужькъэм электричкэкlэ Мэзкуу дикIыжу дышыкIуэжкlэ, Исхьэкъэ я унэмкlэ дыблэкIыжьын хуейти, «Фынеблагъэ, фи нысэм тхуигъэхьэзыра ерыскъым деплъынщ», - жиIэрэ къольэIумэ, уи ныбжьэгъум и хьэтыр умылъагъуу дауэ хьунт? И жагъуэ тхуэщlыртэкъым...

Махуэшхуэхэр гъэльапIэнрэ, илъэсыщlэр къигъэхьэнри Мэшбащlэхэ я деж мызэ-мытIэу щедгъэкIуэкlащ. Апхуэдэу умыщIу къыпхуадэнутэкъым езы Исхьэкъи, хьэщlэ къегъэблагъэнкlэ нэхъыфI узыгъэлъыхьэн и щхьэгъусэми. Апхуэдэхэр зыщlыбгъэгъупщэжэ, уфIыщlигъэкIуэдщ, сэ Исхьэкъ и фlыщlагъэ куэд сльэгъуащ.

МЕЙКЪУАПЭ къыгъэззэжа нэужь къудейкъым Мэшбащlэм мкъулыкъу Іэнатlэ куэд зэрихьэн щыщlидзар - институтым щыщlэса илъэсхэми унафэщlэхэм ящыщт ар: студентхэм ди комитетым и тхьэмадэт, парт, комсомол организацэхэми щыкъулыкъущlэт. ЖыпIэнурамэ, жьы зыщlэт, дэнэкlи хунэсщlалэ жьыджэрт. Арат ар егъэджакIуэхэми еджакIуэхэми фIыуэ щlалъагъур. Иджыпсту слъагъум хуэдэу фIыуэ сощlэж институтыр къыщиухым абы и диплом лжьыгъэм зиращlэкlауэ щыта гуфlэгъуэ зэIущlэшхуэр зэрекIуэкlар. Мэшбащlэм а пщыхьэщхьэм щытхъуэ псалъэ гуапэу къыпъагъэсар зы тхылъ хьунт. Ин орихъуу седа1уэрт къэралым и тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэхэу Чуковский Корней, Иванов Всеволод, Светлов Михаил сымэ, нэгъуэщlхэми Исхьэкъ къыхужаIэ щытхъуэжхэм. Зи творчествэр фIым я нэхъыфIыжхэм хабжэ Мэшбащlэм диплом плъыжьыр къыщратым иращlэкlа Іэгуаеу макъыр зэхэпхыныр гуэхъуэт...

Илъэс 69-рэ япэкlэ апхуэдэ Іэгуаеуэхэр зыхуаIэту литературэм и гъуэгуанэшхуэм техьа си ныбжьэгъу Мэшбащlэ Исхьэкъ и цIыхугъэкIи и талантышхуэмкlи псалъэ гуапэхэр, щытхъуэхэр къыхуагъэфащэу сыт щыгъуи къызэрекIуэкIым куэд щыгъуаз. Ар зэи укъзэныжьгъащlэхьэнри ныбжьэгъу пэжщ. Щыху жумартщ. ГупЫытэшхуэ зыхэлъщ. А хьэл-щэныфIхэр абы куэдрэ щыдэслъагъуащ Мэзкууи, Мейкъуапэи, Налшыки. Дыщынэхъ щlалэхэм щыгъуэ ди лэжьыгъэхэмкlи, литературэ Іуэхуэмкlи, тхакIуэхэм я юбилейхэр гъэлъапIэным екъэлIауи нэхъыбэрэ дызэкIэлъыкIуэ зэрыщытам шэч хэлъкъым. Абыхэм щыгъуэ Мейкъуапэ уззрыдихьэу япэ узыхуэзза уи цIыхугъэр, сэлам-чэлам нэужьхэм, занщlэу къоупщIырт: «Исхьэкъ фlъэгъуа?» - жиIэрти.

Абы къикIыр гурыIуэгъуэщ: Исхьэкъ ухуэзэмэ, абы зэфIимыкъыфIынрэ къыпхуимыщlэфIынрэ щымыIэу арат. Си зэманыр апхуэдизу зэпэуфьыда, щхьэIэтыпIэ зимыIэ (апхуэдэу щымытамэ, абы тхылъи 100-м щIигъу къыхудэгъэкIрат?!) тхакIуэ, Іэнатlэ Іэджэ зезыхьэ, жылагъуэ лажьыгъэхэри зыгъэ-защlэ ди ныбжьэгъум псоми закъыдигъахуэрти ущlэкIуа Іуэхур пхузэфIигъэкIырт. Литературэм, лъэпкъ проблемэхэм ятеухуауэ псалъэмакъ щхьэпэхэр къыбдигъэкIуэкIырт. Я деж уишэу и щхьэгъусэ тельыджэм и щыгъупIастэ умышхауи къалэм укъыдигъэкIыжьынутэкъым. Аркъудейкъым: «Фызытехьэжьну гъуэгум и кIыхьагъыр сэ фIыуэ сощlэ», - жиIэнти, гъуэмыльэнщэуи укъригъэжьэжьынтэкъым.

Пэж дыдэу, абы фIыуэ ещlэ Мейкъуапэрэ Налшыкрэ яку дэлъ гъуэгум и кIыхьагъыр: езыр гущхьэIыгъыуи (псом хуэмыдэу щынэхъ щlалэм щыгъуэ) е и шоферым зыкъригъашэури ар ди деж къэкIуэрейт - лъагъунлъагъу къудейуи, ди тхакIуэхэм я юбилейхэм хэтын папщlи. Апхуэдэ щхьэкlэ километр 1000-м нэблагъэ зэпызычыну гъуэгу техьэнкlэ хъунур адыгэ тхакIуэу хъуар дызыгъэныбжьэгъу, дэри пщlэ зыхуэтщl, КIэрашэ Темботрэ КIыщокъуэ Алимрэ я гъукIэгъэсэн, я цIыхугъэ лъагэу щытахэмкlи, я талантымкlи абыхэм ядэплъейуэ, я гъуэгум пызыщу зи илъэс 89-р къезыхьэлIа си ныбжьэгъу нэхъыжь Мэшбащlэ Исхьэкъ и илъэсищэ юбилейри щигъэпъэлIэкlэ езым дэ къытхуищl гупЫытэм хуэдэ зэригъэтхьыжыр зыльагъунухэм я насыпщи, абы хэмыныкъм ящыщ Тхьэм дищl.

ЕлГъэР Кашиф,
КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ.

Мэшбащlэ Исхьэкъ и усэ кIэщIхэр

Зэманым и шэрхъ

Уахъты кlэншэм и щlыхуэ пшыныжьыпхъэ
Стелъ хуэдэ,сыкlэлъожэ зэман шэрхъым.
Сяпэ итми, ищlэркъым къэувыIэ,
Зэщlэплъауэ, гъущlышыр щlегъэIэ.

Мафlэ ужьыхыж

Бжьыхьэ уэфlым и мафlэ дыхьэрэным
И бзий зэмыфэгъуэр зэбгредз щхьэхынэу...
Ди блэкIахэм щыщу къытхуэнэжьр
И сахуэ закъуэрщ мафlэ ужьыхыжым.

ШхуэIу

Къызатащи зы шы емыIыдж,
ЕщIыр зэм исльэмей, зэм мэудж!
Сыт хуэдиз и Іэфlагъми щlалэгъуэм,
СIыгъщ сыт щыгъуи и шхуэIур нэхъ Іэгъуэу.

Къару мыух

Уахътыншэ щlэмытми мазэм и щlагъым,
Гугъапlэм зэи лIужьи и мыгугъэ.
Зэгуэрым шэчыншэу сщыхъунущ хьэкъ мыр:
Зи гугъэр мыухым мыухщ и къарур.

Дуней щэхум

Пшапэр зэхэуэм, къыщlэкIынущ мазэр,
Псэхэр къытхунгъэнэхуу, тхуигъэкъабзэу.
Уахътыншэу итми уэгум мазэм и бзийр,
Мамыру псэуфыркъым зи мы дунейр.

Уэшхым сошэс

Сытым щыгъуи согъэщlагъуэ мы гупсысэр:
Дэнэ щыIэ нобэм къэс си шы мыгъасэр?
Зэшыгъуэ схуэмыхьыжыр зыщхьэщысхыу,
Сошэсыр уафэгъуагъуэ уэшхым!

Лъэхъэнипл1

Мазэ щщыкIутIыр кlэншэу хэтщ илъэсым,
Лъэхъэнипл1у егуэшыжыр мы дунейр.
Ахэм ящыщу зы къыхуэтым уи псэм,
ПлъэкIыфынукъым укIуэну уи щщэдейм.

Іэлъын

Къысщыдыхьэшх, ухуейм сыкъэщI ауан,
Пхуэзгъэгъуфынущ, узолъагъури фIыуэ.
Ауэ мы си гугъапlэм и Іэлъын
СIэрылъар згъуэтыжыркъым, кIуэдауэ.

Уафэм игъуэщыхьа пшэ хужь

Пшэ хужьыр ныбжьу щlэлъщи уафэ лъащlэм,
Егъэпlейтей мы си псэр псэху имыщlэу...
Къуршыщхьэ лъагэхэм къыщежэх жьыбгъэ,
Щхьэ щIыIэр ноби гум и лъащlэм щыкъугъэ?

Щэнхабзэм и лэжьакIуэ емызэныж

Тхьэзэплъыж Ислъам и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу

ЕгъэджакIуэ-гъэсакIуэ гумызагъэ

Тхьэзэплъыж Ислъам Мамсыр и къуэр 1944 гъэм Лашынкъей къуажэм къышылъхуащ. Курыт еджапIэ нэужым абы щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ Москва ЩэнхабзэмкIэ и къэрал институтым. Ар къиухащ. 1971 гъэм къигъэзэжри, Щоджэнцыкку Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым лэжьэн щыщIидзащ. ИлъэситхуитIэ абы щыIэуэ, Ислъам КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм ягъэкIуащ. Абы зэрыщыIа илъэс 28-м къриубыдэу инспектору, IэщlагъэлI нэхъыжьыу, къудамэм и унафэщIу, министрым щэнхабзэмрэ гуэзджэмрэ я Iэщlагъэлlэным ядэлэжьэныкIэ и къуэдзэу (илъэс 15-кIэ) щытащ.

2003 ГЪЭ лъандэрэ Тхьэзэплъыжыр щолажьэ Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм, Iуфлэ Борис и цIэр зезыхьэ цIыхубз литературэ театрым и унафэщIщ.

Гъуэзджэм щIиэ ехьулIэныгъэхэмрэ илъэс куэд щIауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ къапэкIуэу, Тхьэзэплъыж Ислъам «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» щIа лъапIэр 1992 гъэм кьыхуагъэфэщащуэ щытащ.

Ди къэралым и къалащхьэм квалификацэ нэхъыщхьэ зиIэ щэнхабзэ лэжьакIуэ - театрым и гупхэм я режиссёр Iэщlагъэхэр щызэзыгъэгъуэтауэ къэкIуэжа щIалэм и къарур игъэнэхун щыщIидзащ Щоджэнцыкку Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым. Абы зэрыщыIа илъэс зыбжанэм къриубыдэу Ислъам хэтащ Островскэм и «Пьагъыныгъэ хэкIоса», Шырван-Заде и «Жин фIыщIэ» (режиссёрри езырат), Шолоховым и «ЩIыщIэ хьэIэта», Журт Биберд и «УкъулыкъущIэнымэ, къеблагъэ» тхыгъэхэм къытращIыкIа спектаклхэм. Апхуэдэуи абы игъэуващ Иосеليанин «Выгур щхьэпримыдз щIыкIэ», Шетов «Пьагъынгъэм и къарур» я лжьыгъэхэм къытрищIыкIахэри.

- Зэи ощыгъупщынкъым ди лъэпкъ артист щэджащэ Мысоестышхуэ Пщыгэбий режиссёру сызэрыдэлажьар. ЖыпIэнрамэ, аращ си Iущlагъэ дыдэмкIэ щапхъэ нэс схуэхъуари, си япэ егъэджакIуэу къэслъытэри, - жеIэ Ислъам.

1976 гъэм адыгэ театрым и «Жин фIыцIэ» спектаклым Мурад и ролыр щигъэзащIэрт Ислъам. Пшыхьыр иуха иужь, щэнхабзэмкIэ министрЕфэндыу Джыпахьстэн утыкум къихэри, артист щIалэм гуапэу екъуэхъуащ икIи жиIащ хэлъэт зиIэ, лжьыгъэр фIыуэ зыльагъу, къызэгъэпэщакIуэфI езыри зэрыхуэныкъуэр. Апхуэдэ щыкIакIэ министерствэм и къульыкъущIэ хъуащ Тхьэзэплъыжыр. Театрым къанэу и гуащIэр абы хихлъхъэн и гугъами, зэрыхъуар нэгъуащIуц. Ауэ Ислъам ича ІъэбаІкъуэм зы махуи хущIегъэжакъым. «Куэд къыщысщIащ Джыпахьстэн и деж, къапщтэмэ, лжьэкIэ сэзыгъэщIари аращ. Зыми я жагъуэ сщIыну сыхуейкъым, ауэ абы и ужькIэ министр дапщэм садэмылэжьами,Ефэндым хуэдэ яхэтакъым. А ди нэхъыжьыфIым и гъэсэну зыкъызольытэжри, сызыхуейр абы хуэфащIэу сыкъыщIэкIынырц».

Министерствэм зэрыщылажьэм хуэдэурэ, щэнхабзэмрэ ГуръузджэмкIэ еджапIэхэм щримыгъаджэу зэи къэнакъым Ислъам. Псалъэм папщIэ, 1972 гъэм къыщыщIэдзауэ ар щыIащ Кэнжэ, Лашынкъей къуажэхэм, Налшык и Культурэмрэ училищэм, нэгъуащIхэми. И япэ театр гъэлъэгъуэныгъэр, Щоджэнцыкку Алий и «Мадинэ» поэмэм къытраращIкIар, Лашынкъей къуажэм дэт курыт еджапIэм 1976 гъэм утыку къыщрахьауэ щытащ. А лжьыгъэр Урысейм и цIыхубз театр гупхэм я къэралпсо зэхьэзэхуэм и лауреат хъуащ.

ГъэщIэгъуэну зы Iуэху кърикIуащ мы спектаклым. Абы хэтахэм унагъуащ яухуащ: Мадинэрэ Зауррэ я ролхэр зыгъэзэщIахэм, Умаррэ Дисэу джэгуакъэм, Далинэрэ макъымкIэ режиссёрымрэ. «Зэман дэкIуэу абы гу щыльыстэжам, згъэщIэгъуат, - жеIэ Ислъам. – Спектаклым дызэрелажьа мазиплIым «къывэплъым и фIэщ фыхъуу» яжеIэ зэпыту зэрыщытара къыщIэкIынщ гурыщIэхэр къэзыгъэушар (мэдыкъэшх). Сызыгъэгушхэр дэтхэнэри гъащIэм лъэ быдэкIэ зэрыхэуварщ, щалхъэ зытепх хъун унагъуэ дахэ зэрыхъуарщ».

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм зэрыщыIа илъэсхэм куэд дыдэ хуэзфIэкIащ Тхьэзэплъыжым артистхэм, театр гупхэм я лжьыгъэм зригъэужьынымкIэ, гупыпэ яхуищIынымкIэ. Iуэхум хуэIэижьу зэрыщытам къэзыщIыну псори щыхьэт техьуэфыныщ. Псалъэм папщIэ, махуэшхэхэм, щIыху щхьэхуэхэм ятеухуа пшыхьэ зэхьихэ ину 450-м щIигъу къызэригъэпэщуцэ иригъэжьэкIащ. Абыхэм ящыщ куэд ди республикэмэ, Урысейм и къалэ зыбжанэми, уеблэмэ хамэ къэралхэми щагъэлъэгъуащ.

Зигъэпсэхуну тIысыжа иужьщ и лжьыгъэ нэхъыщхьэм щыщIидзауэ кIыпIыпэр Ислъам. «КъулыкъущIэу сызлэжьэхуIэ, сыкъыщылъхуа щыналъэм хуэсщIэну сыхуейуэ сызыхуэнэмысахэращ иджыпсту сызэлэжьар», - жеIэ абы. 2009 гъэм Сабий творчествэмкIэ унэм абы къыщызэригъэпэщат «Художественнэ псалъэ» зыфIища литературэ зэгуэныгъэ, ар иужькIэ литературэмкIэ театр ящIащ. Илъэсищ дэкIри, Iутlыж Борис и цIэр зезыхьэ цIыхубз театр хъуащ. Мы гъэм илъэсипщI ирикъу гупжьейр щолажьэ Налшык и гимназие №32-м. Зи гугъу тщIы пIалъэм къриубыдэу мы театрым гъэщIэгъуэну, Iэзэу, щIэблэм гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ щапхъэ яхуэхъуу Тхьэзэплъыжым цIыкIуэхэм ядигъуэващ Щоджэнцыкку Алий и «Къамботрэ Лацэрэ», Чхеидзе Александр и «Хэди кьыхэх», Iутlыж Борис и «Нартхэм я дыгъэ», «Тыргъэтауэ», «МафIащхьэтыхь», Лермонтов Михаил и «КIуэрыкIуэсэж», Чуковский Корней и «Тараканище» спектаклхэр, иэгъуащIхэри. Зэрыжэрыпъагъущи, Ислъам гупыпэ хуещI адыгэ, зыпсэ лъапкъ классикэм.

– Зи гуащIэм кьиуа псори лъэпкъым хуугъуэфIыгъуэшхуэу кьыхуэзыгъэна драматург, философ, литератор Iутlыж Борис и Іэдакъэщ IкIэхэр нэхъыбэм кьеГъэщIэныращ сэ кьалэн нэхъыщхьэу зыхуэзгъэувыжауэ сызыхуэлажьэр, сызинэхъыжь театрым и пщэрыпIу кьэслъытэр, - кьыджеIэ Тхьэзэплъыжым. - Абы кьыкIэлъыкIуэр адыгэбзэр си гъэсэн цIыкIуэм езгъэщIэнырц. СхуэзэфIэкIраци, си нэIэм щIэт ныбжьыщIэ 15-м (абыхэм илъэс къэс кьаХьэзогъэхьэ кьыдэкIуэтей цIыкIуэхэр) адыгэбзэ гъэхуа яIурызолъхьэ.

Кьыхэгъэщыпхъащ, класс щIыб лэжьыгъэзэкIэ зэрыдежи, кьалэ, республикэ зэпеуэхэм щыхэткIи Ислъам егъэджакIуэхэм зэрадэIэпыкъуг. ЖыпIэнурамэ, зыгуэркIэ кьыщыгугъ зы цIыхуи гулъытэнэщу кьигъанэркъым. Арагъэнщ кьыдэлажьэхэми, и гъэсэнхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэми фIыуэ кьыщIалъагъур, пщIэшхуэ кьыщIыхуащIыр.

Зи Іэщlагъэм фIыуэ хэзыщIыкI цIыхур езыр зэрыгумызагъэмрэ апхуэдэ дыдэу и гъэсэнхэм зэрахущытымрэщ и лжьыгъэм щиIэ ехьулIэныгъэм и «щхур». Ислъам сабийм зегъэужьыныным, я зэфIэкIым хэгъэхъуэным, гъэсэным гулъытэ хэха хуэзыщI егъэджакIуэ-гъэсакIуэущ. Абы Іэзэу кьеГъуэтыф сабийхэм зэрепсэлъэну бэзи бгъэдыхьэкIи, адэ-анэхэри кьыщIыхуэмыразэы кьыхуэзыгъэна. Ислъам фIы дыдэу кьыгуроIуэ ныбжьыщIэхэм я бзэр псынщIэрыпсалъэхэмрэ псалъэжьхэмрэ «зэракъутэр», тхыгъэм щыщ пычыгъэхэм кьеджэныным, спектаклым кьыщылъыс Іыхьэр зрагъэщIэным я гупсысэкIэмрэ гурыхуагъэмрэ зэрызригъэужьыр.

Тхьэзэплъыжым кьыхихри гъэсэныгъэ мыхьэнэ зиIэ тхыгъэхэрщ. Абы сабийхэр хуегъаесэ драматургиемрэ утыку итыкIэмрэ я щэхуэхэм. Абы игъэув спектаклхэм ныбжьыщIэхэм кьадэкIуэу егъэджакIуэхэри щыхэт кьэдрэ щыIэщ. Режиссёр-егъэджакIуэм и лжьыгъэхэр апхуэдизкIэ зыхуей хуэзащи, кьалэдэсхэми я пащхьэм щIэх-щIэхыуэрэ щагъэлъагъуэ. Мы махуэхэм театрым и илъэс лжьыгъэр кьыщащIэтэр зэIущIэ щыIати, кьызэхуэсахэм яг и ирикъащ, псалъэ гупапэ хужаIащ, дапэкIэ ехьулIэныгъэ куэд Іуэхущ IапIэм иIэну ехьуэхъуащ.

Дэри ядыдоIыгъ абыхэм я хъуэхъухэр. Узынщагъэ иIэу, гукъыдэжщымыщIэу, сабийхэм я ехьулIэныгъэм игъэину куэдрэ иджыри лъэпкъым ухуэлажьэну ди гуапэщ!

ИСТЭПАН Залинэ.

P.S. Тхьэзэплъыжым и пшыхь ныщхьэбэ, мэлыжьыхьым и 30-м, сыхьэт 18-м щIидзэу Лашынкъей къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм щекIуэкIынущ. Абы хэтынущ КъБР-м и цIыхубз артист Нэхущ Чэрим, ди республикэм щыхь зиIэ и артистхэу Гумэ Маринэ, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Жъэныкъуейкъ Алимрэ Иринэрэ, Щоджэнцыкку Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэу Хьэхъупащ ФатIимэ, Къардэн Заур, КIарэ Ларисэ, Къэзанш Джульеттэ, Тэмазэхэ Лиуанрэ Іэулиятрэ, Бейтыгъуэн Жамболэт, КIэбышэ Ислъэн сымэ. Зи гукъыдэжыр къэзыIэтыну хуей псори фрагъэблагъэ.

ДгъэлъэпIэну къелэжь

Тхьэзэплъыж Ислъам социыкIу министерствэм щыщыIа зэманым щагъэзакIуэу. И щхьэр течауэ схужьIэнущ абы щыгъуэ щэнхабзэмкIэ министру лэжьаЕфэнды Джылахьстэн Ислъам хуэдэу фIыуэ илъагъу, пщIэ зыхуищI дэIэпыкъуэгъу зэримыар. Ар абы къилэжьат Іэхум фIыуэ зэрыщыIэгъуэзэмкIэ, пщэрыльэ хуэпщI дэтхэнэ зы къалэнри нэгъэсауэ зэрызэфIигъэкIымкIэ. И къулыкъум и зэран и гуащIэм тIэкIу екIам пцIы хэлъкъым, ауэ зэи театр Іэзэхур Іэщlыб имыщIын хуэзфIэкIащ абы.

Нэхъыщхьэ дыдэу сэ кьыхэзгъэщIну сызыхуейр Ислъам хуэзфIэкIам хуэдэ зыхуэщIэн режиссёр куэд зэрыщымыIэрщ. Зи гугъу сщIыр узыхуейм хуэдэ театр кьызэбгъэпэщынырщ. Іутlыж Борис и цIэр зезыхьэ цIыхубз Литературэ театрым и цIэ кьрамыIуэу кьагъанэ хъунукъым, ди кьалэм, республикэм и гъуэзджэ Іэхуущlапlэхэм я гугъу щащIкIэ. Абы лъэпкъым, щIэблэр адыгэ нэсу кьэгъэхъуным, я зэхэщIыкIым зегъэужьным, нэгъуэщIхэми ехьэлIаэу я кьалэнышхуэ и пщэ кьыдохуэ, тэмэмуи полъэщ.

Жыслэнуращи, фIыуэ солъагъу си ныбжьэгъуфIыр, шыгъупIастэ Іэджэ дэсшхащ, цIыху хьэлэлщ, гу пщIанэщ, кьыдэгъэуогурыкIуэхэм пщIэшхуэ зэрахущIыным хуэдэу, езыри дгъэлъэпIэну кьелэжь.

ТЕУВЭЖ Сулътlан,
Музыкэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ.

Ширван-заде и «Жин фIыцIэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклым щыщIэжгъуэхэр. *1973 гъэ*

Иужьрей зэманым куэд ятх хъуащ сабийм джжIэ гъуэзджэм мыхьэнэуэ иIэм теухуауэ. ЖаIэ къудей мыхъуу, куэд ялэжь а къалэн гугъур зи пщэ къыдэхуэхэм. Абыхэм ящыщщ театрыр. Ауэ театр гъуэзджэр сабийм зыхишIэн папщIэ, ар къыгурыIуэу гъэсэн хуейщ.

ПСОРИ зыщIэу кьалъхуу щыIэкъым. Апхуэдэу щыщIыкIэ, щысабий дыдэм щегъэжьауэ хэпщэн хуейщ гъуэзджэр сабийм и гъащIэм, абы етын хуейщ хуэдэ кьеГъэнэ щIэныгъэ, и гущIэр хуэм-хуэмурэ дахагъэм кьыхуэзушын хуэдэу. Ауэ, дауэ? Сыт хуэдэ щIыкIэкIэ? Іэмалкъэ? Мис ар, дауи, гугъущ. Гугъуми, «Іуэху мыубгъ блэ хэсщ» жыхуаIэращ. Ирехъу нобэрей ди псалъэмакъыр абы и пэублэ. Дэ дыхущIэкъунщ дытепсэлъэхыну искусствэм и зы Іыхьэ ин икIи гугъу - театрым, абы сабийр гъэсэныкIэ мыхьэнэуэ иIэм.

Гуащэ театрым сабийхэм нэхъ къэжэпхъэхэми хуагъуэващ спектакль зыбжанэ. Театрищым я репертуарым сабийхэм папщIэ спектакль щыхэмыт къэхъуркъым. Мыхьэнэшхуэ иIэщ «Сабийхэмрэ театрымрэ» жаIэу, илъэс къэс абы я тхэмахуэ зэрыхухахьым. Махуэшхуэ пэлъытэу, ахэр зэIущIэ гъэщIэгъуэну йожIэкI, а лжьыгъэмкIи театрхэм кьащытэж сабийм хуалэжьар. Ауэ сабийхэм хуэлэжьэнымрэ а тхьэмахуэ кьудейкIэ иухырыкъым. Спектакль гъэувыныр лжьыгъэ ныкъуэщ, ар зыхуэгъэзэ епIыныхуэм я деж нэмысмэ. Сабийхэм папщIэ бгъэув спектаклым къиIэт Іуэхугъуэр хуэгъэзауэ щытын хуейщ абы и ныбжьым. Арымыхъумэ, я фIэщ ухъунукъым, къоплъынукъым, къодэIэнукъым. ЕтIуанэу, сабийр къагъэпцIэгъуафIэ ди гугъэщ дэ. Ар пэжкъым. ПцIыр абы и фIэщ хъуркъым икIи зыбгъэдигъэхъэркъым. Сабийм занщIэу гу лъитэ зэгуэныгъэхыу, щхьэхынэ псэлъэкIэ щищIым и деж. ДжэгуакIуэм игу хэмыхьащэу щилъагъукIэ, зиплъыхьын, зигъэкIэрэхъэн, нэхъыкIэжьрящи, хущхьэн щIедзэ. Сабийм пцIы зэрыхэмызагъэм и щхьэзэту, мыри сигу кьэкIыжащ. Унэм сыкьыщыщIэкIым, «уэдэкIуэм сызджэш», - жиIэу зыкьыкIэрызыщIа цIыкIум жьэлоIэ: «Си дзэр Іуэрэзыну сокIуэ, уэдэсшэ зхунукъым». «КхъыIэ, псори Іуумыгъэч», - кьыспидзыжащ зи ныбжьыр илъэситхум ит сабийм. Дауи, абы кьыпх хъунущ мыпхуэдзу: «СощIэ сыкьыдзэрыбгъапIэр, ауэ псори зэуэ Іуебгъэчмэ, сыт щхьэусчыгъуэу пщIыкьым?»

Сабийхэр щыджэгукIэ уакIэпьыплъмэ, куэдым гу лъыботэ. Ахэр зэпымыууэ мэджэгу, театру зыкъагъэпсалъэ, роплэр зэхуагуэшауэ, зыхуеину хьэпшыпхэр кьагъуэтауэ, кьалъыса образхэм хуэфащуэ я макъэр яхъуэжу, я зекIуэкIэхэр нэгъуэщIу ящIу, щыгъын зэмылIэужьыгъуэхэр ящыгъыну. Мис а джэгун щыщIадзахэм и деж зэхагъэкIыфу хуожьэ абы фIымрэ Іеймрэ. Іейм, зызэкIэщIишу, макъ гъумыжькIэ гъэлъэу, нэщхьхэр ящIу ФIымэ, Іэдэбу, кIий-гуо хэмыту псалъэу. Ар сыткIэ мыстеатрро? Дауи, а щыджэгухэм и деж абыхэм кьагъэсэбэп театрым щалъэгъуахэр.

Хэт тхьэкIымэкIыхьу, хэт бажэу, адрейр мыщIэу, епIанэр псори зыгъэхъужьыф дохутыру. Абыхэм зыпащIыхь ильэгъуа персонажхэм, ягу кьагъэкIыж я зэхущытыкIэр. Хэт бзаджэми, хэт захуэми, хэт кьуанщэми зыпащIыж щхьэкIэ, езыхэр артисту кьонэж, я епIыкIэ гуэркэр халъхьэж. Си гугъэмкIэ, мис мыбдежщ театрым и гъэсэныгъэ нэхъыщхьэм и щIэдзапIэр, и мыхьэнэр зэдэщIэр. Икли а зэманым ирихьэлIэу щIэдзапхъэщ ахэр театрым пыщIэн щIэдзэныр, абы я гущIэм кьыщыуа эстетическэ зыхэщIэр Іуэгу. Іэмэмкіэ унэтIыныр. Сабийм илъэгъуа спектаклым имыгъэпIейтеяуэ щытмэ, хуэкьыIэм а лэмыгъэр, ауэ зыпащIыжу, езыхэм кьехъулIэм епIыныу яужь щихьэкIэ, кьапкърыхьащ а зэпIар. Сабийхэм дежи унэмис, дэ балигъэхэри спектаклыфIыр е фильмыр дигу нэса нэужь, нэхъыфIу, нэхъ жану дылажьэу дохъу. Аращ Іуэузджэм и кьалэн нэхъыщхьэри: зыгуэрым укъьхуигъэушыну, укъьхуэзэщIигъэну, ухуигъэпэбгъэну. Сабийр Іуэузджэм кьыхуэбгъэушмэ, абы и Іащlэр Іуэнынкъэшэ, и зыхэщIэр нэхъ куу мэхъу. Сыту жыпIэмэ, сыт хуэдэ Іуэузджэ нэгъэсари дерсщ икIи махуэшхуэщ. Сабийр а дахагъэм хуэдэгуфIэ, хуэкъуейсмэ, зэшыгъуэш абы и Іащlэр, и сабиигъуэр. ЩIэблэм дахэр зыхезыгъащIэр, театрыр абы и Іащlэм хэзышэр адэ-анэрщ, сабий садым щыIэ гъэсакIуэхэрщ, иужькIэ егъэджакIуэхэрщ. ЦIыкIу-хэм кьаэзэрыгурыIуэнкIэ, егъэщIэн хуейщ Іуэузджэм и лIэужьыгъуэ псори, псом хуэмыдэу театрыр. Нэхъапэм телевизорхэр, радиохэр щынэхъ мащIэм, цIыхухэр зэрыхьырт театрым. Адэ-анэхэм хуэсакъыж и нэIэ трагъэтыпхъэщ сабийхэр зэпIыпхъэхэм. Телевизорым къит псоми цIыкIуэхэр щеплъын щыIэкъым, абы хухахаэрщ, зэрызэщхьэщыкI лIэужьхэм Іуэгу. Іейри фIыри яхуэзэхмыгъэкIыу ахэр кьэнэнкIэ шынагъэущ. Адэ-анэхэр я бын цIыкIуэр я гъусэу театрым кIуэуэ, Іуэузджэм теухуа хьыбархэр жраIэу, зэрызэщхьэщыкI лIэужьхэм Іуэгуэхэр хуаIуатэу, театрым и фIагъыр кьыгургъаIуэу щытмэ, хуэм-хуэмурэ художественнэ щIэныгъэ ирагъэтыфынущ я бынхэм. Адэ-анэм жызыIэн кьахэкIынщ: «Дэ а псор дэнэ щытщIэн? Ди зэманым абы хуэфащэн гулъытэ хуащIыфу щытакъым».

Иджы сабий репертуарым теухуауэ. Нэхъыбэм кьащохуэ цIыкIуэхэр зэпIыпхъэр таурыкъхэм кьытращIыкIа спектаклхэр арауэ. Таурыхъ кьудейкIэ зэфIэкIынкъым сабийм хуэгъэза репертуарыр. Я ныбжьым ельытауэ ахэр егъэпIыпын хуейщ жанр зэмылIэужьыгъуэхэм. ЕджакIуэ гуп театрым къэзыша егъэджакIуэм спектакль нэужьым Іэжьыгъэ мащIэ кьыхуэкIыкIыркъым. ЗэпIа спектаклым зэгъэсу тегъэпсэлъыхьыжьым, тегъэтхъыжьыжьым сэбэпынагъыншхуэ кьишэнущ. Я гупсысэ кьаIуатэр лъэныкъуэкIэ екIуэкIыу щыуэмэ, егъэджакIуэм гъэгу захуэ тригъэувэжьпхъэщ. Ауэ спектакль нэужьым егъэкIуэкIын хуей лжьыгъэм нэхърэ нэхъ мащIэкъым абы илъэкIэ егъэкIуэкIын хуейри. Ди жагъуэ зэрыхъужьщи, школми унагъуэми ар щыхуагъэхьэзырыркъым залым зэрыщIэсын хуейм, спектаклыр щIидзэху зэманыр зэригъэкIуэну щыкIэкIэм. Апхуэдэу щытми, Іупхьэр кьыхэзэуахьу сабийм я тIысыпIэр зрагъэгъуэтыху, гъэсэныгъэ лжьыгъэ мащIэ абы яку дэлъкъым. Хэт и билетыр Іэпхуащи, и тIысыпIэр игъуэтыжыркъым, хэт и цIыкуГэ гуэр кьыпIэгъуауэ абы йогуо, хэти кьыIэрыхьа тIысыпIэр егъэкIыргъ. Сабийхэр гъэсабыным, а зэпIыпхъэм хуэгъэхъужьщ. Сабийхэр гъэсабыным, а зэпIыпхъэм уэсэ къраГьэщIу, уэрэд жраГьэIэу, театрым и лжьакIуэ а махуэм спектаклым хэмытхэр сабийхэм епсалъэу гъэкIуэн хуейщ а зэманыр. Станиславскэм «театрыщыгъын фIэдзапIэм кьащыщIедзэ», жиIамэ, сабий театрым нэхъ жьыжьэу кьыщыщIедзэ. Ар театр бжьIупэрщ. Бжэм дежи ущыIуIыху, уащыгуфIыкIыу, махуэшхуэ пэлъытэу кьызэгъэпэщын хуейщ.

Школым щеджэ сабийр самодеятельностым хэшэн зэрыхуейм теухуауэ. КлассщIыб лжьыгъэ кьызэзэгъэпэщ егъэджакIуэр Іэмал имыIэу хущIокъунущ сабийхэм гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэр кьахуэзэригъэпэщынын. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, егъэджакIуэхэм кьагуроIуэ апхуэдэхэм хэт еджакIуэхэм я зэхэщIыкIым зэрызиужьыр, гулъытэ яIэу, набдзэгубдзапIэу кьызэрэхьур. Бзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэмкIэ хуабжьу щхьэпэщ апхуэдэ гупжьейхэр. Иджыпсту сабийр хуабжьу Іущщ. Абы куэд зэхех, куэдым щыгъуэзэщ, щыгъуазэIуэщ. Гупжьейхэр гъэщIэгъуэну кьызэбгъэпэщрэ сабийр абы дебгъэхьэхьыфмэ, зэи мыкIуэдыжьын жылэ щыхэпсащ абы и гущIэм. Апхуэдэ гупжьейхэм кьыщонахэу сабийм талант гъэпщкIуа иIэмэ. Іэмал имыIэу щыткIым самодеятельностым хэта псори артист мыхъуну. Псалъэм папщIэ, инженер е дохутыр хуэдэу ар дахэу уэсэ кьеджэжмэ, уэрэд жиIэмэ, и гъащIэр нэхъ кьулей, щыхьуакъэ?! Ауэ псом нэхъро нэхъыщхьэжыр - сабийм зэранныу, хьэулеину хущIэмыхьэу сэбэпынагъ зыпылъ Іэзэкуе и зэманыр гъэнщIыныщ.

Иджы театрым япэу кIуэ нэхъ щыкIуIуэхэм папщIэ чэнджэщхэр. Театрым укIуэну мурад пщIамэ, зумыгъэгувэ. ЩIидзэным сыхьэт ныкъуэ и пэ ити нэс. Уи тIысыпIэр зыIэрыбгъэхьамэ, пэплъэ адэкIэ кьэхъунуми. Театрым и фойер уэрамкъым, абы кьыщыбжыхь, ущыкIий хъунукъым. Спектаклыр щекIуэкIкIэ артист джэгуэм уапэмыпсэлъэж, уэзэпль спектаклыр кьызэрыпщыхъумкIэ кьыбгъурысым удэмыгуашэ, зыхуэгъэшэч антрактыр кьэссыху.

ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Ислъам.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ИСТЭПАН Залинэщ.**

Театрымрэ театреплъымрэ

Фlым фlыщIи щIыхьи щIыгъущ

ПСЭХУЭЛАЖЬЭ

Тхэн Іэщlагъэм кьаланэмыр къызэрыхуэсщтэрэ кьыдогуГьэжкI цIыху щхьэхуэм сытетхьыхьну. Абы щхьэусыгъуитI иIэщ. Япэр: тхыгъэ зыхуэстхым фIагъ-Іэзагъыу бгъэдэлъ псори кьасIалагъуу цIыхум я деж ныскъуэхьэсыну пIэрэ? ЦIыхур цIыхущи, лъэныкъуэ куэду мэпщIыпщI. ЕтIуанэр: гуемыIу хъун е сызыщымыгъуазэ гуэр хэлъмэ-щэ абы и Іэхум? Сэ пщIыпщIу кьыисфIэщIар тецIуукIа фIамыщIу кьыщIигъэщыжмэщэ и Іэхущlафэ гуэрым?.. Абы кьыхэкIыу, куэдым сатетхьыхьакъым, яхужьисIэн гуапагъэ сигу яхуилъ пэтми. Ауэ, сызыгъэчэнджащэ гурыщхьэхэр лъэныкъуэ езыгъэзыж Іэхущlафэ зыдэслъэгъуэ цIыхум си кьалэмыр хущIолъэт. Тхьэзэплъыж Ислъам апхуэдэхэм ящыщщ.

ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ

Тхыгъэ зыхуэзгъэфащэ цIыхум и унэцIэращ япэу сызэгупсысыр. Абы и лъэпкъыр пщы-уэркъым ящыща, цIыху цIэрыIуэр куэд кьыхэкIа, кьулыкъущIэр я куэд жысIэу сеплъкъым, атIэ унэцIэм кьиIуатэмрэ абы щыIигъу цIэр цIыхум зэрелкIымрэ согупсыс. Тхьэзэплъыжым и унэцIэр егъэпэж. Адыгэм «уи тхъэ уэзреплъщ» жиIэмэ, «уи напэ кьыззребгъэзэгъщ» жиIэу кьрегъэжI. Тхьэзэплъыж Ислъам и Іуэху бгъэдыхьэкIэр, зехьэкIэр, зэфIэкIкIэр апхуэдизкIэ гугъэзагъэщи, куэдрэ гущIэм щимыгъэфIа, гурэ псэкIэ зэмылажьа зы Іуэху утыку кьрихьэнукъым, зыщысхьажи ищIэнукъым. Ари дауэ? НэфIэгуфIэрэ зыхэтым гукъыдэж яриту, жьы щIэтрэ зыхуэIэижь лжьыгъэм еджэгуэкI-егушыIэкI защIэу и Іуэхур зыхуейм нигъэсу!

ТЕАТРЫР ЗИ ГЪАЦIЭ

Тхьэзэплъыж Ислъам и гъащIэр тыхь зыхуищIыр театрращ. ЩищIалэгъуэм джэгуащ, пьесэ игъэващ; кьулыкъым щыпэрыхьам театрым гулъытэ хуищIыр фIэмащIэу сценарийхэр итхыурэ абы хуэлажьэхэр игъэлIапIащ, пшыхьэр яхуэзэхишащ; иджыпсту и кьару псори сабий театрым ирехьэлIэ. Мис а иужьрей лжьыгъэм гулъытэ щхьэхуэ хуэфащэщ!

АДЫГЭБЗЭР IУМ ИРЕЛЪХЬэ

Ислъам и дежкIэ мы гъэр хуабжьу льапIэщ. Ар езыр илъэс 75-рэ мы маззм ирикъащ, Іутlыж Борис и цIэр зэрихьэу кьызэригъэпэща сабий театрыр - илъэсипщI! Іуэхуфlхэмкlэ гъэнщIауэ кьызэринэкIа и илъэс бжьыгъэмкIэ сехьуэхьуну кьалэмыр кьэсщтауэ аракъым, атIэ а адыгэлIыр ди лъэпкъым и кьалэн нэхъыщхьэ дыдэм зэрыхуэлажьэм папщIэ фIыщIэ хуэсщIну Іэщlагъэ ящ. Махуэ кьэскIэ зи анэдэлъхубзэм пэIэщIэ хуэхъу лъэпкъым пщэрыльу иIэм и щхьэжщ кьыщIэхъуэ щIэблэм бзэр Іурилъхьэнщ. Ислъам зытелажьэр ящщ. Кьалэ еджапIэм тетыр кьыщызэбгъэпэщу, адыгбзэр нэхъ Іэзэ дыдэу зыгъэбзэрабзэу диIа тхаIуэ Іутlыж Борис и цIэ лъапIэр абы фIэпщу, кьалэдэс сабийм зырызыхэу адыгэ псалъэхэр и Іум иплъхьэну, анэдэлъхубзэм кьыхуэзбгъэуша абы и гур литературэм и лъагъуэкIэ театрым хуэпшэну, ар сыт и уасэ!

ФIЫЩIЭ

Ислъам, уи щхьэри, уи пщIэри уи цIэм хуэдэу льапIэщ. ЛъапIэныгъэ уиIэу, узыкIуэлажьэ лъэпкъым и зэхэщIыкI пльагъужу, уи кьару илъу, уи лъэ узэрихьэу Тхьэм илъэс куэдкIэ утхуигъэпсэу, утхуигъэлажьэ!

АБРОКЪУЭ Беллэ,
«Нур» журналым и редактор нэхъыщхьэ, усакIуэ.

Лъэпкъ пшынальэм и хъумакIуэ

● ДифI догъэлъапIэ

Къуэдз Iэбубэчыр

КъБР-м и цIыхубэ артист, «Макъамэ» сабий пшынауэ ансамблым и художественнэ унафэщI, пшынауэ Iэзэ Къуэдз Iэбубэчыр къызэралъхуэр мэлыжьыхьым и 25-м илъэс 75-рэ ирикъуащ.

БАХЪСЭН щIыналъэм хыхьэ Къулыкъужын Ищхъэрэ къуажэм къыщалъхуащ ди республикэм нэгуэущI щIыналъэхэми цIэрыIуэ щыхъуа пшынауэ Къуэдз Iэбубэчыр Хьусен и къуэр. Курыт еджапIэр кIуиха нэужь, Iэбубэчыр и цIэр нэхь къраIуэ хъуащ. Зэрысабийрэ зыжилъхьэ щымыIэ, пшынэм фIэкIа нэгъуащI пльапIэ зимыIэ щIалэ цIыкIум а Iэмэпсымэм еуэфу, макъамэхэр кьригъэкIыфу зригъэса нэужь, 1964 гъэм Бахъсэн щIыналъэм и пшынауэхэм я зэпеуэм щытекIуащ икIи щIыхь тхьилъ къыхуагъэфэщащ. Агитбригадэхэм я зэпеуэу Налшык щекIуэкIам Къуэдзыр ыдзлажьэ Зеикъуэ щыщ гупым япэ увыпIэр кIыхьри, Москва къыщыдзэрагъэпэща Урысейпсо зэпеуэм и гъэлъэгуэныгъэм лауреат щыхъуащ, Зеикъуэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщIу лэжьа, уэрэдус Щомахуэ Хьисэнбийрэ 11-нэ классым щIэс, иджыпсту «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщIхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ я гъусэу. Iэбубэчыр игу кIынэжащ абы щыгъуэ зыдзэлажьа, и чэнджэщэгъуфIу щыта уэрэдус, усакIуэ, артист Бахъуэ БетIал.

А зэманым Къуэдзыр Бахъсэн кьалэм, Тыжьей, Зеикъуэ къуажэхэм дэт щэнхабзэмкIэ унэхэм щылэжьащ. Пшынэ еуэныр би псэм хэлъ Iэбубэчыр щапхъэ зытрихьи и мащIэтэкъым. АпхуэдизкIэ, и къуажэгъу пшынауэ Щыхьэщ Мухьэжыр, Къуэдз ТIамышэ (и нысэт), Къуэдз Дзадзунэ (и шыпхъут), Къуащхьэ Быцэ, Езэдэч Лидэ сымэ. А зэманым радиокIэ Iэбубэчыр зэдэIэун фIэфIу щыта пшынауэхэм ящыщщ Къашыргъэ КIурацэ, Бырмамыт Гуащэкъарэ, Дыщэкl ФатIимэт, ТIэш Лакушкэ, Тенджыз Нэ!ф, Борий Линэ.

«Кабардинка» къэрал ансамблым Къуэдзыр 1965 гъэм ирагъэблагъащ. Куэдым ягу дихьэ, дуней псом фIыуэ яльэгъуа а гуп Iэзэр 1987 гъэ пщIондэ къыгъэфащ. А зэманым Iэбубэчыр ядэлэжащ пшынауэхэу Дыщэкl ФатIимэт, Уэрэзет Лидэ, накъырапщэ Ашуров Падацур, бэрэбанауэхэу Алохэ ПотIэ, Руслан, Арсен сымэ. Iэбубэчыр зыхэта гуп дахэр зэкъуэту, зы унагъуэхуэм хуэдэу къекIуэкIащ, къэрал куэдым зэгъуэгу щыIащ.

«Кабардинка» ансамблым щыщылэжьа зэманым Къуэдзым и пшынальэхэр радиом щриГъэтхауэ щытащ. ИужькIэ ар нэхъри цIэрыIуэ хъуащ, и пшынальэхэр нэхъыбэрэ къатыну щIэлъэIуу радиом и редакцэм лъэIу тхыгъэ куэд къыIэрихьэу хуежьащ. Нэхъ иужьыIуэкIэ Къуэдзым и пшынальэхэр зытет грамплластинкитху къыдэкIащ.

1987 гъэм щыщIэдзауэ 2001 гъэ пщIондэ Iэбубэчыр къигъэфащ Куэшей Алик зи художественнэ унафэщI, щапхъэу къалъыта «Нал цIыкIу» сабий ансамблыр. Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм и унафэщI Къалмыкъ Кларэ и жэрдэмкIэ, 1994 гъэм къэунэхуащ Къуэдз Iэбубэчыр зи художественнэ унафэщI «Макъамэ» сабий пшынауэ ансамблыр. Ар къызэрызэрагъэпэщцэ мы гъэм илъэс 25-рэ ирокъу. Ансамблым екъуIэныгъэ куэд зыIэригъэхьащ. 1995 гъэм гупым къыфIащащ «КъБР-м и цIыхубэ ансамбль» щыхьыщIэр, 2005 гъэм ансамблыр къалъытащ щапхъэ зытрах гупу.

Пшынауэ Iэзэ Къуэдз Iэбубэчыр къызэралъхуэр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу, 2014 гъэм дунейм кьытехьащ «Джатэ зыгъабзэ нэхъ?э, пшынэ зыгъэбзэрабзэ» тхылъыр. Ар зэхэзыгъэувэу кьыдэкIыным хуэзыгъэхьэзырар филологие щIэныгъэхэм я кандидат, КъБЩИ-м адыгэ литературэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэ Хьэжакъуэ Людмилэрэ а институтым и лэжьакIуэ Гуанэ-Махъсидэ Аидэрэщ. «Пшынальэр бгъунльэмэ, пшэпкъыр мэукIытэ», - жиIэгъащ усакIуэ цIэрыIуэ ПащIэ Бэчмырзэ. Тхылъым и пэублэ псалъэм сымыщIыхьащ «Лъэпкъ пшынальэр зымыгъэбгъунльэ» тхыгъэр. Абы зыубгъуауэ щIызэпкърыхащ Iэбубэчыр и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ, абы и псэм, и лъым пшынальэр зэрызэтым. Пшынальэр зыгъэпытэнльых Къуэдзым зэфIэкI абрагъуэ кьызэрыдалъхуам щыхьэт техьуэ щапхъэхэм, «Кабардинка», «Нал цIыкIу» ансамблхэр илъэс зыбжанкIэ кьызэригъэфам, «Макъамэ» пшынауэ ансамблыр кьызэрызэригъэпэщам, нобэ здынэса лъагапIэм зэрыщыхьэдхам, и гъэсэнхэм ехъулIэныгъэфIэхэр зэраIэм, абыхэм республикэми нэгуэущI щIыпIэхэми кьыщалъхуахэр куэду зэрахэтым. Тхылъым щIызэхъуэсащ Къуэдзым и зэфIэкIыр, республикэм и щэнхабзэм, гъуэзджэм хуищIа хэлъхьэныгъэфIэхэр ягъэнахуэу журналистхэм, щIэныгъэлIхэм ягъэхьэзыра тхыгъэхэр, интервьюхэр, и ныбжьэгъуэхэм, лэжьэгъуэхэм, гъэсэнхэм, и зэфIэкIым пщIэ кьыхуэзыщIыхэм кьабгъэдэкI псалъэ гуапэхэр, «Адыгэ псалъэ» газетым нэхъапIэхэр кьытехуахэри хэту.

Лъэпкъым IэпIэсагъэкIэ хуэупсэ, хьугъуэфIыгъуэу яльытэ пшынальэр зымыгъэбгъунльэ Къуэдзым щIэблэр пшынэ еуэным зэрызуигъасэм папщIэ фIыщIэ ин хуэфащэщ. Пшынауэм и гъэсэнхэм пщIэ кьыхуащI, абыхэм я адэ-анэхэр, адэшхуэз-анэшхуэзхэр кьызэрызэщ, я щIэблэр щэнхабзэм зэрыдгъэзьхэам папщIэ. Къуэдзыр ирогушхуэ и гъэсэнхэм зэфIэкIышхуэ зэраIэм, ахэр республикэмэ нэгуэущI щIыпIэхэми кьызэрыщащIыхуам. Iэбубэчыр еэым итхьжа пшынальэ зыбжанэ иIэщ. Апхуэдэхащ «Удж», «Удж пыху», «Пасэрей кьафэ», «Хъыджэбз кьафэ», нэгуэущIхэри. Зи гъащIэмрэ гуащIэмрэ лъэпкъ щапхъэзэмрэ гъуэзджэмрэ хуэзыгъэпса Къуэдзым а уэнтIыныгъэхэм хуищIа хэлъхьэныгъэфIэхэр кьалъытэри, 1979 гъэм «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр кьыфIащащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Бахъсэн щIыналъэ

«Вагъуэшэсхэр» джэгурэш-зэпеуэм хэта ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ.

«Вагъуэшэсхэм» я зэфIэкIыр

Къулъкъужын Ищхъэрэ (Къуэнхьэлэ) Щэнхабзэмкlэ и унэм иджыблагъэ щекIуэкIащ «Вагъуэшэсхэр» джэгурэш-зэпеуэр. Ар къыдэзыгъэпэщаци езыгъэкIуэкIари Бахъсэн щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ и Iэнатlэм пэщIэдзэ классхэмкIэ и методист Афэщlагъуэ Маритэщ. Зэхьэзэхуэм хэтащ районым и еджапIэхэр.

ПэщIэдзэ классхэм щеджэхэм я бзэм зегъэужьыным, гъащIэм зыщыIууэ Iэзхуэгъуэхэм нэ жанкIэ цIыкIуэхэр зэгъэпльэным, ди лъэпкъым къыдекIуэкI гушыIэхэмрэ ауанхэмрэ ящIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр зыхегъэщIэным, утыку итыкIэм егъэсэным, зэфIэкI зыбгъэдэлъ сабийхэр кьэхутэным, лъэпкъ хабзэм дегъэзьхьэхьым хуэунэтIат зэхьэзэхуэр.

Зэпеуэр Iыхьаплlу гуэшат. «Хъуэхъуэрисэ, псалъэисэ» арат зэреджэр япэ Iыхьэм. Джэгурэшым хэта гупхэм къэпщтакIуэхэми кьрихьэлIаэхми зыкъраГъэщIыхуми кьыдахьэхыни хуейт, адыгэ хъуэхъужьхэр, псалъэжьхэр, псалъэ шэрыуэхэр кьагъэсэбэпу.

КьрихьэлIаэхэм гукъинэж ящыхъуащ «Шыкъумщlий и кхъуэзанэ» еIуанэ Iыхьэри. Дэтхэнэ гупми екIуу ягъэхьэзырат кьызыдэкIа къуажэм епха хьыбар гъэщIэгъуэн-гъуэшI эхуэлэмэтхэр, кьуажэр кьызэращIэ, кьызэрацIыху щIыпIэхэр, Iуэху дахэхэр, нэгъуэщIхэри.

Нэгуэныжьт «Ди къуажэ амкIыщхэр» зыфIаща Iыхьэри. Дэтхэнэ зыми гушIэ тепльэгъуэ кIэщI игъэхьэзырат, макъамэ щIэту.

«Псалъэгъашэ нанэгъэшэрыуэ» Iыхьэм гупхэм я пашэхэр щызэхьэзэхуащ. «Нобэрей махуэм жысIэнур жызымыIэу сыщIэкIыжмэ, думп жысIэу сызэгуэудынущи, фыкъэдаIуэ...» гупсысэм пащэну я къалэнт абыхэм. Я ныбжьым емылытауэ, сабийхэм екIуу икIи гукъинэжу зыкъагъэлъэгъуащ.

КъэпщтакIуэ гупым хэтащ Бахъсэн щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ и Iэнатlэм и унафэщI Абрэдж Тамарэ, районым щIэ методикэ кьудамэм и Iэтащхьэ Абазэ Ларисэ, профсоюз зэгухьэныгъэм и пашэ Молэ Хьэсэн, методистхэу Бешкlур Светэрэ Нанэ Любэрэ. КъэпщтакIуэхэм я дежкIэ тынштэкъым гупхэр увыпIэкIэ зэщхьэщыхьныр, дэтхэнэми зэфIэкI лъагэхэр яIэу зэрызыкъагъэльэгъуам кьыхэкIыу. Iэхум жыджэру хэтащ икIи япэ увыпIэр хуагъэфэщащ Хьэтlохьыщыкъуей дэт прогимназием кьыкIа «ШыбжийI сырхэр» гупым. ЕтIуанэ хъуащ Къулъкъужын дэт курыт еджапIэ №3-м и «Къуэнхьэблэ вагъуэхэр», ещанэ увыпIэр ираташ Ислъэмей дэт курыт еджапIэ №4-м и «Нарт вагъуэм».

Пэщlэдзэ классхэм щезыгъаджэхэм щIэныгъэ куурэ гъэсэныгъэ екIурэ щIэблэм зэрыбгъэдалъхьэфыр, лъэпкъ тхыдэмрэ хабзэмрэ сабийхэм япкърыту къызэрагъэтэджым теухуауэ псалъэ гуапэхэр жиIащ Абрэдж Тамарэ. Апхуэдэу абы кьыхигъащащ джэгурэш зэпеуэр дяпэкIи щIыналъэм щегъэкIуэкIын зэрыхуейр. ЕгъэджакIуэхэми, адэ-анэхэми, сабийхэми лэжьыгъэ купщIафIэ кьызэрыраХьэлIам, егаIуэ я унафэщIхэми я гуащIэрэ зэманрэ Iуэхум зэрытрагъэкIуэдам папщIэ фIыщIэ яхуищIащ Афэщlагъуэ Маритэ.

Зэпеуэм хэтахэми аэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэми фIыщIэ тхылъэр хуагъэфэщащ.

Тхыгъэри сурэтхэри зейр **ТАБЫЩ Динарэщ.**

● Пенсэ фондым къет

Унагъуэ 65312-м яIэрохьэ

Анэм сабий етIуанэм щхьэкIэ ират яхъшэм теухуа программэр кьызэращтэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унагъуэ 65312-м яIэрыхьащ а сертификатыр. Абыхэм ящыщу процент 66,2-м ахъшэр нэсу къаГъэсэбэпащ.

МЫ АХЪШЭМ и фIыгъэкIэ унагъуэ 48445-м я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуащ. Абыхэм ящыщу 26226-м псэупIэ кредитым щыщ Iыхьэ халъхьэжащ е псори зытрагъэкIыжащ. Апхуэдэуи унагъуэ 22219-м я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуащ кредит къамыщтэу.

Кьыхэдгъэщынщи, ПФР-м лъэIу 801-рэ кьыIэрыхьащ а ахъшэр сабийхэр егъэджэным трагъэкIуэдзну, 6-м - ахъшэр халъхьащ анэм и ныбжьыр нэсмэ къратыну пенсэм. А ахъшэм щыщ мазэ кьэс яIэрыхьэну зэрагъэпэщащ унагъуэ 206-м.

2019 гъэм анэ мылькур сом 453 026-рэ мэхъу.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Пенсэ фондым сертификатыр анэм етыным е ар емытыным теухуа унафэ махуэ 15-м къриубыдэу кьещтэ икIи махуи 5 нэхъ мыгувэу хъыбар ирегъащIэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Зым нэхърэ адрейр нэхъ дахэжу

● Футбол

«Биолог-Новокубанск» (Прогресс) - «Спартак-Налшык» (Налшык) – 0:3 (0:0). Прогресс. «Биолог» стадион. Мэлыжьыхьым и 27-м. Щыху 200 еплъащ.

Судьяхэр: Шафеев (Волгоград), Харченкэ (Астрахань), Селезнёв (Воронеж)

«Биолог-Новокубанск»: Тимофеев, Бастрон, Манченко, Нестеренко, Соколов, Малыш (Семёнов, 56), Борисов А. (Солодаренкэ, 27), Борисов И., Феоктистов (Седых, 68), Касьянов, Гираев (Дмитриенкэ, 20).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Ольмезов, КIэдыкIуей, Тебэрды, Лелюкаев, Хьэшыр (Iэпщащэ, 90), Михайлов (Дэхъу, 77), Салахетдинов, (Шавае, 81), Ашу (Апажэ, 77), Машэжь, ГуэнгъэшI (Талабка, 85).

Топхэр дагъэкIащ: Хьэшырым, 53 (0:1). Салахетдиновым, 57 (0:2). Ашум, 64 (0:3).

Дагъуэ къыхуащIащ: Манченкэ, Феоктистовым, Касьяновым, Машэжьым.

ЩЭБЭТ кIуам зэхэтащ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым и зи чэзу зэIущIэхэр. Иужьрей лъэхъэнэм зи джэгукIэр тэмэму зэтеувэжа «Спартак-Налшыкыр» щыхьэщIащ Прогрессым и «Биолог-Новокубанск»-м и деж.

Зэрагъэхьащэ щымыIэу командитIми я зэфIэкIыр мы зэхьэзэхуэм щызэхуэдэт икIи абы къыхэкIыу зэпэщIэтыныгъэ гуащIэ щыIэну топджэгум дихьэххэм хуагъэфащэрт. Арщхьэкlэ налшыкдэсхэр куэдкIэ нэхъ лъэщу кьыщIэкIащ. Щыхьэту гурикъунщ бжыгъэшхуэкIэ хэгъэзэрэщIар зэрыхагъэщIар.

Джэгум и япэ Iыхьэм лъэныкъуэхэр зыр адрейм кьыпикIуэтакъым. Прогрессдэсхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ кьэс ди щIалэхэм хуэфащэ жэуап ираты жьыфIэт. Убгъэлэмэ щIэх-щIэхыуэ щагъэгуэзвани къэхъурт. Аращ зэIуущIэм зэрыщIидзэрэ сыкьэт ныкъуи дэмыкIауэ «Биолог-Новокубанск»-м и футболиститI я тренерхэм щIалэхъуэжар.

Арщхьэкlэ загъэпсэхуу кьихьэжа иужькIэ, «Спартак-Налшыкым» тепщэныгъэр иубыдапащ. «Биолог-Новокубанск»-м щыджэгуэхэр хьэщIэхэм апхуэдизу зэхэзехуэн ящIати, 53-нэ дакьикъэм щыщыщIэдзауэ 64-нэм нэсыхукIэ я гъэм топищ кьыдрагъэгъэкIащ. Налшыкдэсхэр хьийм икIыпат икIи хэт кьэхущIэувами ирамыгъэкIуэтыну фIэщщыIуеит. Абыхэм дагъэкIа топхэр ща?! ЯпэщыкIэ Хьэшыр Алан, кьыкIэлъыкIуэу Салахетдинов Инсар, иужьым Ашу Мурад сымэ апхуэдизу дахэу кьыхэжаныкIащи, сыт хуэду зэIущIэри ягъэбжьыфIэфынут.

Бжьыгъэр 3:0-у «Спартак-Налшыкыр» япэ щIидзам иджыри джэгуГъуэ зэманым щыщу сыхьэт ныкъуи ирикIащ. Щыхьэтуу ирикъунущ бжьыгъэшхуэ зэрыхагъэщIар.

Арщхьэкlэ «Биолог-Новокубанск»-м и щIалэхэр зэрыщIэкIыжынутэкъым. Дыдейэри бжьыгъэшхуэмкIэ арэзыти, адэкIи зэрагъэгъэхьащащ.

Ди щIалэхэр Прогрессым зэрыщытекIуам и щIыхь зиIэ щагъэгуэвами къэхъурт. Аращ зэIуущIэм зэрыщIидзэрэ сыкьэт ныкъуи дэмыкIауэ «Биолог-Новокубанск»-м и футболиститI я тренерхэм щIалэхъуэжар.

Арщхьэкlэ загъэпсэхуу кьихьэжа иужькIэ, «Спартак-Налшыкым» тепщэныгъэр иубыдапащ. «Биолог-Новокубанск»-м щыджэгуэхэр зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыIыгъэр. Дыдейэри бжьыгъэшхуэмкIэ арэзыти, адэкIи зэрагъэгъэхьащащ.

Ди щIалэхэр Прогрессым зэрыщытекIуам и щIыхь зиIэ щагъэгуэвами къэхъурт. Аращ зэIуущIэм зэрыщIидзэрэ сыкьэт ныкъуи дэмыкIауэ «Биолог-Новокубанск»-м и футболиститI я тренерхэм щIалэхъуэжар. Иджы «Спартак-Налшыкыр» екIуэну, «Биолог-Новокубанск»-р еянэщ.

Блэкlа джэгуГъуэми щызэдэбэкъуащ зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыIыгъэр. Апхуэдизу Краснодар и «Уржай»-р Мейкъуапэ щыIэу «Дружба»-м ефIэкIащ, Песнанокопскэм и «Чайка»-р Астрахань кьикIа «Волгарь»-м текIуащ. Бжьыпэр зыIыгъэ ятIум ящыщ кьыкIэлъыкIуэ джэгуГъуэм Налшык щыхьэщIэнущи, хэт ищIэн, увыпIэхэр гуэшынэм ди щIалэхэр хэлIыфIыхьынкIи хъунщ. Кьапщтэмэ, куэд щIакъым Краснодар щыIэу «Спартак-Налшыкым» «Уржай»-м очкоитI зэрыфIигъэкIуэдрэ. «Чайка»-ми апхуэдэу ирищIэмэ, ар кьыпрагъэхауэ убж хъунущ.

Адэкlэ фыщыдгъэгъэзэнщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым ижьку щыIэхэта зэIущIэхэм кьарикIуа Краснодар щыIэ Iыхьэм. Мис ахэр: **«Спартак-Владикавказ»** (Владикавказ) - **«Академия»** (Дон Iус Ростов) – **3:0**, «Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) – **«Краснодар-3»** (Краснодар) – **3:1**, **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **«Уржай»** (Краснодар) - **2:3**, **«Ангушт»** (Нэзрэн) – **«Черноморец»** (Новороссийск) - **0:3**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - **«Легион Динамо»** (Мэхьачкалэ) – **0:1**, **«Чайка»** (Песнанокопское) - **«Волгарь»** (Астрахань) - **1:0**.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щыIэ щызыIыгъ Песчанокопскэм и «Чайка»-р.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщIекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Чайка»	23	17	6	0	50-12	57
2. «Уржай»	23	17	6	0	36-14	57
3. «Волгарь»	23	15	4	4	40-20	49
4. «Черноморец»	23	12	4	7	44-20	40
5. «Дружба»	22	12	0	10	27-24	39
6. «Спартак-Налшык»	23	9	7	7	33-28	34
7. «Легион Динамо»	24	9	7	8	24-19	34
8. «Биолог-Новокубанск»	24	10	4	10	29-30	34
9. «Спартак-Владикавказ»	23	8	4	11	31-30	28
10. «Машыкъуэ-КМВ»	22	6	7	9	25-28	25
11. «Краснодар-3»	24	6	6	12	32-47	24
12. «Динамо-Ставрополь»	23	7	3	13	26-42	24
13. СКА	24	3	9	12	14-30	18
14. «Ангушт»	23	2	8	13	12-32	14
15. «Академия»	24	2	3	19	11-54	9

ТекIуэныгъэмрэ щIыхьымрэ я лъэс лъагъуэ

Лэскэн районым хыхьэ Хьэтуей жылэм иджыблагъэ псэкупсэ гъэсэныгъэ Iуэху щхьэпэ щекIуэкIащ. Къуажэ администрацэм и унафэщI Дзыхьмыщ Анзор и жэрдэмкIэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 74-рэ зэрырикъум хуэгъэпсауэ «ТекIуэныгъэмрэ щIыхьымрэ я лъэс лъагъуэ» къызэрагъэпэщащ.

ХЭКУ зауэшхуэм и лыхъужь, лейтенант нэхъыжь Бэрау Къэралбий и цIэр зезыхьэ уэрамым жыгей плъыжь цIыкIуу 100 щыхасащ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрым и къуэдзэ **Мэрем Мухьэмэд**, а министерствэм мэзхэр хьумэныжьмкIэ и къудамэм и унафэщI **Къарджэнгъущ Мурат**, Лэскэн район администрацэм и Iэтащхьэ **Инжыджокъуэ Сэфарбий**, щIыналъэм мэзым телажь и Iуэхущапlэм и унафэщI **КIуащ Къаншобий**, Лэскэн районым и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ **Молэмусэ Хьэсетэ**, Хьэтуей къуажэм щыщ, Хэку заэушхуэм хэта **Бетрожь СультIан**, нэгъуэщIхэри.

- Нобэрей Iуэхур зауэ гуащIэм лIыгъэ къыщыдзыгъэлъагъуэу хэта, абы текIуэныгъэ къыщыдзыхьахэм яхуэтщI пщIэм и фэеплъщ. Жыгхэр сатыру зрикIуэ лъэс лIагъуэр лъэхъэнэ псоми я щIэблэр зэпызыщIэ дамыгъэ хъуну дыщогугъ, - жиIащ Инжыджокъуэ Сэфарбий.

Бетрожь Сультlан кьыхигъащащ щалагъуэлэн я блэкIар ящIэу, ар яльэгъу зыхъукъуныкIэ мыпхудэ Iуэхуэхэм мыхьэнэщхуэ зэрирэ икIи жиIащ район, кьуажэ унафэщIхэм ветеранхэм хуащI гулъытэм гушхуэныгъэ кьаззэрыхилъхьэр.

- Хэку зауэшхуэм хэтахэм я лIыхъужьныгъэр, хахуагъэр, лIыгъэр дэ зэи тщыгъупщэнукъым. Хьэтуей жылэм зауэм и ветеран дэсыжьэ цIыхуищ кьудейщ. Ахэр дызэрыгушхуэ ди нэхъыжьыфIхэу МэшыIл Хьэбас, Нало МутIэ, Бетрожь СультIан сымэщ. Уэныщагъэ яIэу иджыри илъэс куэдкIэ ахэр дяпэ итыну ди гуапэщ. Нобэ хэтса жыгхэр Хэку заэушхуэм и лIыхъужьхэм я ТекIуэныгъэм, ЩIыхьым кьуажэдэсхэм хэтщI тыхь лъапIэщ, - жиIащ Дзыхьмыщ Анзор.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэз.

● ФщIэн папщIэ

Аукционым фрагъэблагъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм аукцион иреГъэкIуэкI мэз къэкIыгъэхэр щэн-къэщэхуным теухуауэ. хьэрычэтыщIэ мащIэмрэ курытымрэ хэтхэм зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIэну хуит зыщI тхылъхэр къащэхуным егъэщIылIауэ.

IУЭХУР кьрахьэжьащ а министерствэм 2019 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м кьыдигъэкIа унафэ № 95/ ОД-м ипкъ иткIэ.

Аукционыр 2019 гъэм накъыгъэм и 7-м пщэдджьжьым сыхьэти 10-м щызэхьэхьнущ мы хэщIапIэм: *КъБР, Налшык къалэ, Балъкъэр уэрам, 102-нэ къат, зэIущIэхэр щрагъэкIуэкI пэш.*

Хэтыныхэр ятх пщэдджьжьым сыхьэти 9-м кьыщыщIэдзауэ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 45-м нэсыху.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къашокъуэ Эдэ** (жэуап зыхъ секретарь), **Къардий Маринэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмышцI Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторыр нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхьумэ Iуэхущапlэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; узынщагъэмрэ щIыуэпсым хьумэныжьмкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуу зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хэутыныгъэр хьумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхъ секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *редактору* **Жыласэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аэзэмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* Дыр Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьазыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.205 ● Заказ №372